

Ayiti 2015

Kourikoulòm Devlopman Timoun Piti

Yon Gid Pou Monitè Yo



HANDS TO HEARTS
INTERNATIONAL

Hands to Hearts International: Kisa Nou Dwe Konnen

Hands to Hearts International (HHI) amelyore lavi timoun., li antrene paran ak moun ki ap bay timoun swen sou kijan timoun devlope ak sou ladrès ki nesesè pou vin yon bon paran. Li bay moun yo jarèt, fòs ak ladrès pou amelyore sante timoun, pou devlope sèvo timoun epi pou ede timoun aprann; li antrene moun yo ak ekzès ki baze sou etap timoun devlope, ak ekzès sou sante, ijyèn, nitrisyon ak pwòpte. Pandan 10 àne, HHI pote sèvis bay 200,000 manman, papa ak ti bebe.

Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sit www.handstohearts.org

Remèsiman

HHI remèsye moun ak òganizasyon sa yo ki fasilite travay sa a:

Alliance for Children Foundation, Sujatha Balaje Christine Chaille, Sue Glassford, Zachary Lee, Frank Mahler, Laura Peterson ak Reach India.

Prefas

Aktivite ki fèt pou devlopman timoun piti – depi yo fèt jiska laj 5 an – se apwòch ki pi efikas pou amelyore lavi timoun ki nan difikilte ak timoun ki an danje, dapre (Cunha and Heckman, 2007; Fernald, Kariger, Engle & Raikes, 2009).

Pou yon fanmi ki ap goumen ak grangou, razè, vyolans, ensekirite ak maladi, li kapab difisil pou fanmi an bay timoun nan eleman debaz timoun nan bezwen: renmen timoun nan. Timoun ki pa jwenn swen ak afeksyon pandan senk premye àne ki pi kritik yo nan lavi li pral gen pwoblèm emosyonèl, pwoblèm fizik, pwoblèm sosyal, pwoblèm aprantisaj ki kapab diminye kapasite li pou li reyisi nan lavi, si li siviv kondisyon difisil sa yo.

Liv sa a se yon gid pou moun ki ap elve epi edike timoun piti, pou yo konprann kijan timoun devlope; gid la genyen plizyè sesyon ak enfòmasyon ki prepare espesifikman pou monitè, edikatè, paran pou ede yo akonpaye timoun yo nan moman kritik nan devlopman yo.

Sa ki nan liv la

Kisa nou dwe konnen sou gid sa a	1
Sesyon 1: Aprann Konnen Sèvo Bebe	2
Di tout moun byenveni	2
Montre desen 4 sikui devlopman sèvo a	3
Demontre kijan pou ranfòse sèvo a ak aktivite ki fèt toulèjou.....	7
Fè patisipan pwomèt yo pral pratike lè yo rive lakay yo.	8
Sesyon 2: Siyal Bebe.....	12
Fè entwodiksyon pou sesyon an.....	12
Montre Diferans ant siyal bebe ki vle di “WI” ak sa ki vle di “NON”	13
Pratike pou idantifye siyal “WI” ak siyal “NON”	16
Fè patisipan yo pwomèt yo pral pote atansyon pou detekte siyal bebe yo	17
Sesyon 3: Devlopman langaj	19
Revize epi entwodui ladrès pou devlope ladrès langaj.....	19
Demontre kijan bebe aprann ladrès langaj?.....	20
Pratike devlopman ladrès langaj nan timoun.	21
Chèche jwenn pwomès patisipan yo pral pale ak bebe yo ak timoun yo lè yo rive lakay.	23
Sesyon 4: Devlopman sosyal ak emosyonèl.....	25
Revize epi entwodui Sikui Aprantisaj Sosyal/Emosyonèl.....	25
Demontre ki jan pou bay bebe ak timoun atansyon.....	28
Pratike ladrès pou reponn bezwen sosyo-emosyonèl nan sitiyasyon nòmal chak jou.....	28
Revize leson ki pi enpòtan yo nan sesyon #1 a #4 yo	30
Sesyon 5: Devlopman Fizik:.....	34
Bay patisipan yo yon ti tan pou yo diskite abid pa yo epi entwodui sijè a	34
Entwodui etap ki genyen nan devlopman fizik	35
Demontre aktivite ki asosye ak etap devlopman fizik.	39
Chèche jwenn pwomès patisipan yo pral ede timoun yo nan devlopman fizik yo.....	41

Sesyon 6: Devlope sikui aprantisaj pou panse	43
Revize chante sikui aprantisaj la a epi entrodui sesyon an.....	43
Demontre kijan timoun aprann	45
Mande gwoup yo idantifye kijan pou ankouraje ladrès pou panse nan aktivite nòmal lakay.	47
Ankouraje patisipan yo pwomèt yo pral ankouraje ladrès pou panse ak timoun lakay.....	48
Sesyon 7: Masaj pou bebe	49
Entwodui enpòtans pou bay bebe masaj.....	49
Demontre ki jan pou bay yon bebe masaj.	50
Bay plizyè ekzanp masaj pandan aktivite nòmal toulèjou.	55
Fè patisipan pwomèt yo pral pratike masaj, lè yo rive lakay yo.	57
Sesyon 8: Enfòmasyon debaz sou liyèn, sekirite ak nitrisyon	61
Fè entwodiksyon pou sesyon an.....	61
Diskite 4 abitid pou konsève lasante yo.....	63
Konplete fòm evaliyasyon, felisite moun yo api di orevwa	70
Gid pou itilize fòm obsèvasyon pou kontwole kalite travay la	72
Konklizyon	75
Resous	76

Kisa nou dwe konnen sou gid sa a

Devlopman Timoun Piti Depi yo fèt jiska 3 zan

Kouman pou itilize seksyon an

Gid sa a gen 8 sesyon. Se pou sesyon fèt nan yon lòd espesifik yo ye a, epi konplètman. Objektif, preparasyon ak etap pou chak sesyon gen detay klè epi konplè pou asiste fasilite yo fè prezantasyon yo byen epitou ak konfyans nan tèt yo. Gid la gen foto ak ilustrasyon ki nesèsè pou chak sesyon.

Karakteristik sesyon yo ki nan gid la

Rektang ki gen enfòmasyon – Rektang ki genyen nan kòmansman chak sesyon gen eleman sa yo:

- Objektif – Yon fraz ki endike kisa patisipan yo ta dwe akonpli pandan sesyon an
- Materyèl- Yon lis aksyon osinon yon lis materyèl ki te dwe disponib anvan sesyon an kòmanse.

Etap - Chak sesyon gen 4 etap. Etap yo ekri nan lòd ki rekòmande pou fè yo. Gen kèk eleman pou fasilite a bay atansyon tankou:

- *Mo aparans italik* = Enstriksyon pou fasilite a (li pa bezwen li li pou patisipan yo)
- *Mo aparans regilye* = enfòmasyon ak enstriksyon pou fasilite li osinon esplike patisipan yo.

Mo aparans fonce ak flèch (➤) = Kesyon espesifik pou poze patisipan yo.

Chak sesyon prepare pou:

- Ankouraje patisipan yo sèvi ak eksperyans nan lavi yo pou yo kapab konprann konsèp ak ide ki devlope nan sesyon an.
- Prezante enfòmasyon ki nouvo yo yon jan ki enteresan pou patisipan yo.
- Bay patisipan yo okazyon pandan sesyon an pou yo aplike osinon pou yo pratike enfòmasyon ki nouvo yo
- Prepare patisipan yo pou yo sèvi ak nouvo enfòmasyon yo pandan entè-aksyon chak jou yo genyen ak timoun ki sou responsablite yo.

Nou kapab konprann li nesèsè pou nou fè adaptasyon sou kantite patisipan osinon sou kantite materyèl ki disponib, men li enpòtan tou pou nou suiv gid la nan li ye a. Si nou sote yon aktivite ki anndan yon sesyon, espesyalman aktivite ki enplike pratike nouvo enfòmasyon, sa kapab afekte kapasite patisipan pou li aplike nouvo ide osinon nouvo konpòtman sa a ak timoun ki sou responsablite li.

Sesyon 1: Aprann Konnen Sèvo Bebe

Objektif: Lè nou rive nan fen sesyon an, patisipan yo ap:

Reponn kesyon VRE / FO yo,

*Obsève yon demonstrasyon ki montre kijan entè-aksyon ki byen senp ant yon responsab ak yon timoun kapab sipòte devlopman sèvo timoun nan.

* Koute deskripsyon sou kijan sikui aprantisaj fèt nan sèvo timoun depi yo fèk fèt epitou idantifye kijan yo menm yo kapab patisipe pou kreye sikui aprantisaj sa yo tou nan sèvo timoun.

* Idantifye konpòtman ki sipòte ak konpòtman ki pa sipòte devlopman sèvo.

* Bay sijesyon kèk entè-aksyon ant yon responsab ak yon timoun ki fèt toulejou, epi ki sipòte devlopman sèvo.

* Deside yon aktivite pou fè lakay ak timoun ki poko gen 3 zan pou sipòte devlopman sèvo

* Pratike chante 4 sikui devlopman sèvo a.

Materyèl:

* Ankèt VRE / PA VRE

* Foto sikui aprantisaj

* Prepare pawòl, jès ak melodi pou chante 4 sikui aprantisaj pou devlope sèvo a.

Di tout moun byenveni

Di: Bon vini nan premye pami 8 sesyon nou pral fè ansanm sou Devlopman Timoun Piti.

Nan kòmansman chak sesyon, Mwen pral poze kesyon vre / pa vre Men kesyon yo pou jodi a: Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

Vre osinon pa vre: Gen aktivite byen senp mwen kapab fè chak jou ak bebe yo ak timoun piti yo pou ede devlope sèvo yo.

Vre osinon pa vre: Se lè timoun yo ale lekòl devlopman sèvo fèt pi vit epi pi byen

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo kote ki la pou sa nan fèy ankèt la (ki nan fen sesyon an) ou pral konpare valè yo ak lòt valè ou pral jwenn 1) nan fen sesyon an ak 2) nan fen tout 8 sesyon yo.

Di: Sesyon jodi a rele “Aprann Konnen Sèvo Bebe.” M pral kòmans ak yon istwa “Krik!”

Tann patisipan yo reponn “Krik”

Di: Yo mande Rozalie, Joulie, Nadege, Renaud ak Telly, “Kisa nou ta renmen pou pitit nou?”
koute repons yo bay

Rozalie di	Mwen vle pou yo pwòp epitou an sante
Joulie di	Mwe vle yo kapab li, pou yo kapab chèche enfòmasyon, konsa yo kapab jwenn yon bon travay.
Nadege di	Mwen vle pou yo grandi, pou yo kapab renmen, bay afeksyon epitou aprann viv ak lòt moun
Renaud di	Mwen vle pou yo gen konfyans nan tèt yo
Telly di	Mwen vle pou aprann byen lekòl.

➤ **Mande: Kiyès nan sa yo nou vle pou timoun ki sou responsablite nou?**

Koute repons yo bay

Di: Ebyen, mwen gen bon nouvèl pou nou. Nou kapab ede timoun yo rive fè tout sa, si nou ede yo devlope sèvo yo. Sèvo yon timoun devlope pi rapidman ant jou yo fèt pou rive laj 3 zan. Epi, gen aktivite byen senp ou kapab fè pou ede sèvo yo devlope. Ann chèche konnen kèk nan aktivite sa yo jodi a.

Panse sou pwovèb sa a: *Sak vid pa kanpe*. Tout sa ou fè ak yon bebe ranpli sèvo li, konstwi sèvo li ak konesans.

[Montre desen 4 sikui devlopman sèvo a](#)

➤ **Mande: Reflechi sou yon jou nòmal ak yon bebe osinon ak yon timoun ki gen mwens pase 3 an. Ki sa ou fè ki enpòtan pou li osinon ak li pandan jounen an.**

Rezime repons yo. Felisite patisipan yo pou atansyon yo deja ap bay timoun yo.

Di: Aktivite sa yo nou nonmen yo ap patisipe nan devlope sèvo yon timoun —pou sèvo yo vin pi grandi epitou vin pi djanm. An nou fè yon ekzanp ansanm. Tout moun, pretann nou kenbe yon ti bebe (*kenbe yon timoun tout bon, si sa posib*) imite jès mwen ap fè yo.

Asire nou bebe a konfòtab. Gade bebe a nan zye epi souri. Pandan ou ap fè sa, sèvo bebe a ap devlope santiman renmen ak afeksyon. Sa ap prepare sèvo a pou li montre afeksyon tou epi sa kapab ede li gen konfyans nan tèt li.

Kòmmanse balanse bebe a jantiman. Mouvman balanse sa a ap ede sèvo bebe a aprann deplase kò li.

- **Mande: Ki chante nou kapab chante pou li, ki sa nou kapab di li pandan nou ap balanse li a?**

Koute kèk sijesyon yo bay.

Di: An fè kèk nan sijesyon pou pale ak chante pou timoun nan.

Bay yon minit osinon plis pou pale ak chante.

Di: Pawòl nou di yo ak chante nou chante yo pral prepare sèvo bebe a pou li rekonèt son epi fè son, tout sa pral devlope mo lè li vin pi gran. Anplis sa ap prepare sèvo aprann li nan kèk àne.

- **Mande: Koute, ki sa bebe nou an ap tande? Kisa li ap wè? Ki odè li ta kapab ap pran?**

Koute epitou afime repons moun yo bay yo.

Di: Tout sa ap prepare sèvo li pou li rekonèt son, imaj, ak odè. Lè yon timoun kapab rekonèt bagay ki nan alantou li, li kòmanse devlope ladrès pou panse.

Ann gade ki sa ki pase nan sèvo timoun nan lè nou fè aktivite tankou gade li, balanse li, epi chante pou li.

Montre patisipan yo foto sikui aprantisaj la. Trase chemen (sikui) yo sou foto a pandan ou ap esplike yo.

Di: Aktivite ou fè toulejou ak timoun li ede kreye sikui aprantisaj andedan sèvo li.

Gen nan sikui sa yo ki kreye langaj evantyèlman sa vin fasilite timoun pale epi aprann li.

Yon lòt sikui ankò, se sikui panse a.


Yon lòt sikui ankò, se sikui mouvman fizik.

Epi dènye a se kapasite devlope santiman renmen ak santiman afeksyon pou lòt moun epi devlope konfyans nan tè li.

Se pou nou note tou ke tout sikui sa yo kontre. Yo pa separe.

Ou ap devlope sikui aprantisaj ki nan sèvo li. Gen nan sikui sa yo ki fèt pou devlopman langaj, gen lòt pou ladrès panse, genyen pou kapasite fizik epitou gen lòt pou rekonèt lè li an sekirite, lè moun renmen li ak lè li jwenn afeksyon. Yo tout konekte.

Gen anpil similatite ant kijan wout trase nan yo vilaj la ak kijan sikui aprantisaj kreye nan sèvo nou. Dabò, pou kreye yon chemen, nou mache sou menm espas la plizyè fwa. Se konsa tou sikui aprantisaj yo fèt andedan sèvo timoun nan. Li enpòtan pou li repete menm aktivite yo, repete menm esperyans yo plizyè fwa jistan li rive kreye sikui aprantisaj nan sèvo li. Se tankou pwovèb la ki di: *Piti, piti, zwazo fè nich li.* (Se etap-pa-etap zwazo reive fè nich li)



➤ **Mande: Kisa ou obsève lakay ou timoun renmen repete plizyè fwa?**

Koute repons moun yo bay.

Di: Se konsa bebe a osinon timoun nan fè pou li devlope sikui aprantisaj pou (chwazi youn nan domèn yo)

- Timoun yo jwe menm jwèt la tout tan. (Ladrès panse)
- Mete diferan bagay youn sou lòt epi chavire yo. (Ladrès fizik)
- Mete diferan objè nan yon bwat osinon nan yon veso epi devèse yo apre. (Ladrès panse ak ladrès fizik)

Dezyèmman, nenpòt moun – gason, fi yon timoun ki pi gran- kapab patisipe nan kreye chemen nan yon vilaj. Menm jan an tou, gason, fi, timoun ki pi gran kapab ede timoun ki pi piti yo kreye sikui aprantisaj, lè yo fè aktivite ak yo.

➤ **Mande: Ak ki moun bebe ou a osinon timoun ou a fè plis aktivite chak jou. Ki moun akò, apade oumenm?**

Rezime repons patisipan yo bay yo epi konfime tout moun sa yo kapab fè aktivite ak timoun piti pou ede yo kreye sikui ak chemen aprantisaj.

Di: Twazyèmman, chemen an pap itil si li fè moun pè osinon si li gen danje. Si timoun nan ap viv yon kote ki gen kòlè, vyolans, joure, epi pa gen jantiyès, lanmou, swen ak afeksyon, chemen ak sikui aprantisaj yo pap devlope kòmilfo.

➤ **Mande: Ki kesyon ou genyen konsènan sikui aprantisaj yo?**

Adrese kesyon yo.

Di: Ann chante ansanm yon chante osinon yon pwezi pou ede nou sonje 4 sikui aprantisaj prensipal yo.

Chante chante a osinon resite pwezi a ak jès ou te prepare davans yo, repete jistan patisipan yo prann chante a ak jès yo.

Prepare pawòl chante a, prepare jès yo ak melodi anvan sesyon an, asire tou pawòl yo gen lide sa yo:

- *Mwen ap pale avèk ou pou ou kapab aprann pale (touche bouch ou)*
- *Mwen ap montre diferan objè pou ou kapab aprann panse (touche tèt ou)*
- *Mwen ap kite ou deplase pou ou kapab deplase pou kont ou (fè jès ki montre fòs)*
- *Mwen ap trete ou ak jantiyès, afeksyon ak swen pou ou aprann trete moun menm jan an epitou pou ou kwè nan tèt ou (touche kè ou)*
- *Fè m konfyans mwen kapab ede ou vin fò, ni nan kò ou, ni nan sèvo ou.*

Chante 4 sikui aprantisaj.

volontè pou ede mwen fè demonstration sa a.

Lè gen 2 volontè ki apwoche devan, confime patisipasyon yo.

Di: Moun sa yo se 2 timoun mwen yo. Yo chak ap jwe ak yon bale kòm si se bale yo ap bale. Dekri ki sa mwen ap fè ak chak timoun.

Mande volontè yo pou yo kòmanse bale. Pale ak youn nan timoun yo pandan li ap bale a. Pale ak yon ton ki ankourajan. Di li pou li fè gran mouvman ak ti mouvman osinon, di li pou li bale yon seksyon osinon yon lòt seksyon. Pou lòt timoun nan, pa pale anpil inyore li plis. Di li se plis dezòd li ap fè epi retire bale a nan men li.

Lè nou fin fè demonstrasyon an, poze kesyon.

- **Mande: Kisa ou te wè mwen fè ki ede sèvo a kreye mouvman fizik, kreye langaj, devlope ladrès pou panse, devlope santiman afeksyon?**

Koute epi afime osinon klarifye sijesyon moun yo bay yo.

Di: An nou imajine eseye yon lòt sitiyasyon.

➤ **Mande: Ki lòt kalite aktivite nou fè chak jou?**

Koute sijesyon patisipan yo bay epi chwazi yon ekzanp aktivite moun fè toulejou epi demontre li nan sesyon an. Mande yon patisipan pou li jwe wòl yon bebe, mande yon dezyèm pou jwe wòl timoun 2 zan epitou mande yon twazyèm patisipan pou jwe wòl yon timoun 3 zan.

Di: Nou pral fè yon demonstrasyon ansanm. Gade ki sa mwen ap fè epi idantifye ki sa mwen fè ki kapab ede devlope sikui ak chemen aprantisaj nan sèvo timoun.

Demontre aktivite a. Pa ekzanp, si sijesyon an se “prepare manje maten” demontre kijan ou kapab pale ak ti bebe a pandan ou ap prepare manje a epi ba li kichòch pou li sekwe, mande timoun ki gen 2 zan an pou li touche yon manje lè ou di non manje a, epi mande timoun 3 zan an pou li mete bòl ak kiyè pou tout moun ki chita bò tab la.

Lè nou fin fè demonstrasyon an, poze kesyon.

➤ **Mande: Kisa ou te wè mwen fè ak timoun yo ki kapab ede devlopman sèvo yo?**

Rezime epi afime sijesyon patisipan yo bay yo.

➤ **Mande: Ki lòt aktivite mwen ta kapab fè?**

Rezime epi afime sijesyon patisipan yo bay yo.

Di: Ann imajinen nou pral nan mache. Ki moun ki vle volontè pou jwe wòl 3 timoun mwen yo?

Demontre kijan ou ap pale ak bebe a pandan ou pral nan mache a. Prezante tout timoun yo bay machann yo epi ankouraje yo salye moun yo kòmiflo. Mande timoun ki gen dezan an pou montre yon manje lè ou nonmen yon manje a epitou mande li pou di non manje a tou. Ankouraje timoun twazan an pou li konte machandiz ou achte yo, dekri si yo lou, si yo leje, si se bagay moun kapab manje osinon pa kapab manje osinon dekri lòt karakteristik bagay la kapab genyen. Mache se yon bon kote pou yo touche, pran odè, gade, osinon esplike diferan kalite bagay.

Lè nou fin fè demonstrasyon an, poze kesyon.

➤ **Mande: Kisa ou te wè mwen fè ak timoun yo ki kapab ede devlopman sèvo yo?**

Rezime epi afime sijesyon patisipan yo bay yo.

Fè patisipan pwomèt yo pral pratike lè yo rive lakay yo.

Di: Mèsi pou patisipasyon ou. Mwen espere ou te kontan aprann kèk enfòmasyon sou sèvo pitit ou. Anvan nou ale, an nou gade ki sa nou kapab fè lè nou rive lakay.

➤ **Mande: Bay ekzanp yo bagay nou fè chak swa ak timoun ki poko gen twazan.**

➤ **Mande: Ki sa ki byen senp ou kapab fè pandan aktivite sa a pou ede sèvo timoun nan grandi epi devlope?**

Konfime sijesyon moun yo bay yo.

Di: Ann refè kesyon Vre / pa vre yo. Panse sou sa nou te aprann jodi a epi tande yo ankò. Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

Vre osinon pa vre: Gen aktivite byen senp mwen kapab fè chak jou ak bebe yo epi ak timoun piti yo pou ede devlope sèvo yo.

Vre osinon pa vre: Se lè timoun yo ale lekòl devlopman sèvo fèt pi vit epi pi byen

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou te jwenn 1) nan kòmansman sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

➤ **Mande: Kisa ou te aprann jodi a ou pral eseye lakay ak pitit ou, anvan pwochen sesyon an?**

Konfime sijesyon yo epitou ankouraje volonte yo genyen pou eseye.

Di: Bebe ak timoun yo menm tou konn bezwen rete yon moman san fè bri. Li pa nesesè pou ou toujou ap fè aktivite ak pitit ou. Obsève timoun yo pou ou kapab detekte si yo vle pase yon ti tan kè poze avèk ou osinon tou pou wè si yo ta renmen jwe pou kont yo epitou pou ou kapab konnen kilè yo vle rete bò kote ou epi jwenn atansyon ou. Nan pwochen sesyon an nou pral aprann kijan bebe kominike depi anvan yo kapab pale.

Fini sesyon an ak chante “4 sikui aprantisaj” nan sèvo epi remèsye tout moun yo pou patisipasyon yo. Asire nou ekri kantite patisipan yo nan kote ki fèt pou sa nan fèy ankèt la.

Fèy Ankèt VRE / FO

Sesyon # ak sijè	Evaliyasyon: Kesyon ak Repons	Anvan Sesyon T/F	Aprè Sesyon T/F	Aprè Sesyon #8 T/F	Kantite Patisipan (Okòmansman)
1 Aprann Konnen Sèvo Bebe	Gen aktivite byen senp mwen kapab fè chak jou ak bebe yo epi ak timoun piti yo pou ede devlope sèvo yo. (VRE)	T= F=	T= F=	T= F=	
1 Aprann Konnen Sèvo Bebe	Se lè timoun yo ale lekòl devlopman sèvo fèt pi vit epi pi byen (FO)	T= F=	T= F=	T= F=	
2 Siyal Bebe	Anvan yon timoun kapab pale, sèl fason li kapab kominike se lè li kriye. (FO)	T= F=	T= F=	T= F=	
3 Langaj	Si ou pale ak pitit ou regilyèman anvan li rive nan laj ennan, li ap gen plis mo vokabilè, epitou sa ap ede li aprann li, anplis tou, sa ap ede li aprann lè li ale lekòl. (VRE)	T= F=	T= F=	T= F=	
4 Sosyo-Emosyonèl	Si ou trete timoun tout tan ak afeksyon epi ak bon swen, sèvo yo ak kò yo ap grandi epi devlope pi byen. (VRE)	T= F=	T= F=	T= F=	
5 Fizik	Lè ou jwe diferan jwèt ak timoun, ou ap devlope kò yo ak sèvo yo. (VRE)	T= F=	T= F=	T= F=	
5 Fizik	Aksyon timoun fè toulejou tankou kenbe, pouse, rale, mache endike sèvo li ap devlope. (VRE)	T= F=	T= F=	T= F=	
6 Ladrès panse	Timoun ak gran moun fè esperyans lavi a menm jan. (FO)	T= F=	T= F=	T= F=	
6 Ladrès panse	Bebe yo devlope ladrès panse ak men yo epi ak bouch yo. (VRE)	T= F=	T= F=	T= F=	
7 Masaj	Bay yon bebe masaj, se yon fason pou ba li afeksyon, atansyon ak swen. (VRE)	T= F=	T= F=	T= F=	

7 Masaj	Si ou pale ak yon bebe pandan ou ap ba li masaj, ou ap devlope ladrès langaj ak ladrè fizik. (VRE)	T= F=	T= F=	T= F=	
8 Sante	Lave men, netwaye planche, lave kouchèt, lave bibwon ak lave dra gen enpak sou timoun ak sou moun ki ap okipe yo. (VRE)	T= F=	T= F=	T= F=	

Sesyon 2: Siyal Bebe

Objektif: Lè nou rive nan fen sesyon an, patisipan yo ap:

- Dekri kijan granmoun kominike santiman san pale.
- Dekri kijan bebe kominike san pale.
- Deside ki lè bebe bay siyal ki vle di "wi" osinon ki vle di "non"
- Demontre sitiyasyon lè bebe bay yon siyal epi kijan pou reponn siyal sa a.
- Esplike kijan yo itilize siyal bebe nan lavi yo.

Materyèl:

- Ankèt vre / fo ki te sèvi nan sesyon anvan an.
- Yon objè tankou yon plim
- 6 pake kat ki gen siyal bebe "WI" "NON" (yon pake pou chak gwoup)

Fè entwodiksyon pou sesyon an

Di: Bonvini nan dezyèm rankont lan. Pandan dènye sesyon an nou te diskite diferan aktivite nou kapab fè chak jou, pou ede sèvo timoun yo devlope pi byen. Nou te chante yon chante ki pou ede nou sonje 4 kalite sikui aprantisaj yo.

➤ **Mande: Ki moun ki kapab dirije chante a pou nou?**

Ankouraje patisipan yo chante chante a epi fè jès yo ki ale ak chante a.

Di: Nou pral kòmanse sesyon an ak kesyon VRE / FO Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

VRE osinon FO Anvan yon timoun kapab pale, sèl fason li kapab kominike se lè li kriye.

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou pral jwenn 1) nan fen sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

Di: Nan sesyon sa a nou pral explore ansanm diferan fason bebe yo kominike ak ou depi anvan yo kapab pale. An nou kòmanse ak kesyon sa a.

➤ **Mande: Panse sou lè mari ou osinon madanm ou rive lakay. Si li pa di anyen, ki jan ou fè konnen si li te pase yon bon osinon yon move jounen?**

Koute repons moun yo bay.

Di: Se menm jan an tou ak bebe yo. Menmsi bebe yo pa kapab pale, yo kominike ki sa yo santi ak ki sa yo bezwen. Ann gade yon ekzanp.

Mande yon patisipan pou li jwe wòl yon bebe ki poko kapab ni woule, ni pale (si nesesè, jwe wòl la oumenm) Fè volontè a kouche sou do. Mete yon objè, tankou yon plim, tou pre volontè a, men nan yon distans pou li pa kapab touche plim nan.

Di: Entèl (non volontè a) se yon bebe ki poko kapab ni woule ni pale.

- **Mande: “Entèl (non volontè a) Kijan ou kapab pran plim nan si ou pa kapab ni woule ni pale?” Montre mwen**

Gade volontè a ki ap jwe wòl eseye pran plim nan (volontè a gade plim nan epi eseye pran li plizyè fwa)

- **Mande: Kisa X (non volontè a) ap fè? Kijan li ap eseye kominike?**

Tande kèk repons. Ankouraje volontè kontinye eseye jwenn yon jan pou li pran plim nan, kòm si se te yon bebe ki ta ap eseye. (Plis li gen difikilte pou touche plim nan pou kont li, volontè a pral bay plis siyal detrès. Sèl fason li rete pou li ta gen plim nan se voye yon siyal bay yon lòt moun pou endike li ta vle gen plim nan. An jeneral nan ekzèsis sa, volontè a ap rive imite yon bebe ki ap kriye.

- **Mande: Ki sa entèl (non volontè a) fè pou endike li bezwen èd?**

Asire youn nan repons lan se ”kriye”

- **Mande: Ki sa ou te wè li fè anvan li te kòmanse kriye?**

Koute pantisipan yo dekri aksyon volontè a te fè.

- **Mande: Tout aksyon sa yo se te siyal pou kominike ki sa li te vle. Si nou te reponn siyal li yo depi byen bonè, èske nou panse li ta pral kriye?**

Koute repons moun yo bay.


Di: Nou rele sa “siyal bebe” se konsa bebe yo di nou ki sa yo vle. Aprann rekonèt siyal bebe yo ak ki sa siyal yo vle di, se sijè nou pral diskite nan sesyon sa a.

Montre Diferans ant siyal bebe ki vle di “WI” ak sa ki vle di “NON”.

Di: Siyal yon bebe kapab vle di swa “wi silvouplè” swa “non mès” Nan pwochen aktivite yo nou pral aprann konprann siyal sa yo.

Divize patisipan yo an gwoup epi bay chak kèk kat ki gen siyal “wi” ak lòt kat ki gen siyal “non”.

Baby Cues - "Yes Please"



Siyal bebe – Wi silvoupè

Baby Cues - "No Thank You"



Siyal bebe "non mèsi"

Di: Chak gwoup gen foto ak siyal bebe kapab bay. Gade kat yo epi deside ansanm ki foto ki montre yon bebe ki ap eseye kominike “wi silvouplè” epi ki foto ki montre yon bebe ki ap kominike “non mèsì”. Diskite ak moun ki nan gwoup ou a, nan ki okazyon ou konn wè bebe bay siyal sa yo.

Pran kèk minit pou diskite imaj ki nan kat yo, an ti gwoup.

Di: Gwoup 1 di nou kichòy sou yon kat ou panse ki te vle di “Non, mèsì”

Koute repons moun yo bay.

➤ **Mande: Ki lòt moun ki te panse siyal la te vle di “Non mèsì”?**

Aprè yon gwoup konfime siyal se “non mèsì”, bay chak gwoup yon chans pou bay yon ekzanp siyal ki vle di “non mèsì” osinon “wi silvouplè” Si gen dezakò, poze kesyon sa a:

➤ **Mande: Ki kèk rezon ki ta fè sa a vle di “wi”? Ki kèk rezon ki ta fè sa a vle di “non”?**

Koute repons yo bay

Di: Siyal ki nan kat yo se siyal ki pi komen bebe yo itilize, men gen anpil lòt siyal ankò. Ou pral aprann plis sou siyal bebe a kapab kominike, si ou pote atansyon epi si ou ofri li manje, dòmi, jwèt osinon afeksyon- jiskaske ou dekouvri kisa li vle. Evantyèlman ou pral konprann diferan kalite siyal chak bebe devlope pou kominike epi pou satisfè bezwen li depi anvan li kòmanse bay siyal ki pi entans tankou kriye. Lè bebe yo kòmanse kriye, yo kapab pa kalme imedyatman apre ou satisfè bezwen an. Pran pasyans.

[Pratike pou idantifye siyal “WI” ak siyal “NON”](#)

Di: M pral vizite chak gwoup epi mwen pral ba li yon sitiyasyon. Deside si bebe a pral kominike “Wi” osinon “NON” nan sitiyasyon an epitou prepare pou demonstre siyal la pou lòt moun yo.

Yon moun nan gwoup la jwe wòl bebe a epi yon lòt moun jwe wòl moun ki ap bay swen. Si ou bezwen plis moun pou sitiyasyon an, alò yon lòt moun nan gwoup la kapab jwe wòl yo. Demonstrasyon siyal yo ta dwe pran sèlman kèk minit.

Sikile nan chak gwoup, bay chak yon sityasyon pami sa yo li nan lis pi ba la a. Lè chak gwoup resevwa yon sityasyon, re-vizite chak gwoup pou asire yo te chwazi yon siyal, yo te decide ki moun ki ap jwe wòl bebe a ak moun ki ap jwe wòl bay swen an epitou yo ap reprezante aksyon ki ale ak sityasyon an.

Sityasyon:

Moun ki ap bay swen yo tou pre bebe a epi yo ap rele youn sou lòt ak kòlè epi bebe a kapab tandè yo.

Moun ki ap bay swen an ap bay bebe a yon bon beny ak dlo tyèd.

Yo kite bebe a chita depi lontan nan yon bèso pou kont li epitou li tris.

Manman an ap manje epi bebe a vle yon ti manje tou

Bebe a gen vant-fê-mal epi manman an okipe, li pa menm wè sa.

Moun ki ap swen an ap jwe ansanm epi bebe a byen kontan .

Envite yon gwoup jwe wòl ki ale ak sityasyon an.

Di: Gade ti pyès teyat la epi eseye rekonèt siyal yo, idantifye ki siyal ki di “wi” ak ki siyal ki di “non”. Gade sityasyon an epi remake ki jan moun ki ap bay swen an te reponn.

Lè nou fin fè demonstrasyon an, poze kesyon.

- **Mande: Ki siyal bebe a te bay?**
- **Mande: Èske li te bay siyal “wi silvouplè” osinon “non mèsì”**
- **Mande: Kisa bebe a te vle ki rive osinon ki sa bebe a pa ta vle ki rive?**
- **Mande: Ki sa moun ki ap bay bebe a swen an te fè pou montre afeksyon ak atansyon?**

Repete etap sa yo ak rès gwoup yo ak lòt sityasyon yo. Lè yo tout fin jwe, konfime efò moun yo te fè epitou ede patisipan yo fè rezime, poze kesyon sa yo.

- **Mande: Reflechi sou pyès teyat nou sot gade yo. Ki kèk sityasyon ki te fè bebe yo voye yon siyal bay moun ki ap pran swen yo.**
- **Mande: Ki lòt ekzanp ki ta fè bebe yo kominike “non” oswa “wi” ki pa te demontre nan pyès teyat yo?**

Fè patisipan yo pwomèt yo pral pote atansyon pou detekte siyal bebe yo.

- **Mande: Ki sa ou pral kòmanse fè diferaman kounye a, apre ou vin konprann pi byen siyal yon bebe kapab bay epi ki jan pou ou reponn?**

Konfime ide yo.

Di: Ann refè kesyon VRE / FO yo. Panse sou sa nou te aprann jodi a epi tande yo ankò. Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

VRE osinon FO Anvan yon timoun kapab pale, sèl fason li kapab kominike se lè li kriye.

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou te jwenn 1) nan kòmansman sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

Di: Mèsi pou patisipasyon nou jodi a. Mwen espere nou te renmen sesyon an. Ann chante chante “4 sikui aprantisaj” la pou ankouraje nou jiska pwochen sesyon an.

Asire nou ekri kantite patisipan nan yo kote ki fèt pou sa nan fèy ankèt la.

Sesyon 3: Devlopman langaj

Objektif: Lè nou rive nan fen sesyon an, patisipan yo ap:

- Dekri ki sa yo sonje epi ki sa yo te aplike nan sesyon sou diferan kalite siyal yon bebe kapab kominike.
- Eseye sonje premye mo bebe yo yo te di
- Obsève osinon diskite yon demonstrasyon sou kijan bebe devlope ladrès langaj.
- Memorize chante “4 règ pou devlope ladrès Langaj”
- Pratike pou ankouraje ladrès devlopman langaj nan ti moun, pandan aktivite toulejou.
- Idantifye opòtinite pou pale ak ti moun ki sou kont yo.

Materyèl:

- Ankèt VRE / FO ki te sèvi nan sesyon anvan an.
- Boul ki fèt ak fil osinon ki fèt ak kòd
- 5 objè fanmiye osinon foto objè fanmiye tankou fwi, legim, kiyè osinon rad bebe; mete chak nan yon sache diferan (4 objè pou chak ekip epi youn pou demonstrasyon)
- Prepare pawòl ak melodi pou chante “4 règ pou devlope ladrès langaj”

Revize epi entwodui ladrès pou devlope ladrès langaj.

Di: Pandan dezyèm sesyon an nou te diskite diferan siyal yon bebe kapab kominike.

- **Mande: Ki sa ou te aprann sou siyal bebe pa ou kominike depi nou te fin fè sesyon an? Rakonte nou ki sa ou fè lè ou wè osinon lè ou tande siyal sa yo.**

Afime efò moun yo, reponn kesyon yo genyen epi korije move enfòmasyon ki ta kapab danjere pou timoun yo.

Di: Anvan nou kòmanse sesyon jodi a, ann chante chante “4 chemen pou devlope sikui aprantisaj” la epi pou entwodui moun ki nouvo yo pou yo konnen ide ki nan chante a.

Chante chante a.

Di: Nan sesyon sa a nou pral prezante kijan nou kapab devlope sikui aprantisaj langaj nan sèvo timoun nou.

Koute kesyon VRE / FO ki ale ak sesyon sa a. Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

VRE osinon FO : Si ou pale ak pitit ou regilyèman anvan li rive nan laj ennan, li ap gen plis mo vokabilè, epi pou sa ap ede li aprann li, anplis tou, sa ap ede li aprann lè li ale lekòl.

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou pral jwenn 1) nan fen sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

➤ **Mande: Ki mo pitit ou te di an premye, lè li te kòmanse pale?**

Koute, fè rezime repons yo epi tou remèsi moun yo.

Di: Sèvo timoun yo te kòmanse devlope ladrès pou di mo sa yo, byen lontan anvan yo te rive di mo sa yo. Timoun yo te konprann sa ou te konn di depi anvan yo te kapab pale.

Nan sesyon jodi a nou pral aprann pou ki sa se vre, lè nou pale ak bebe yo, sa fè sèvo yo devlope epi tou sa pral ede yo aprann li ak ekri, lè yo ale lekòl.

[Demontre kijan bebe aprann ladrès langaj?](#)

Di: Ann kòmanse sou kijan bebe apran pale.

Mande 3 volontè. Mete yo chita nan pozisyon pou yo kapab trape epi lanse yon boul fil san boul la pa tonbe atè. Asire tou gen ase espas ant chak volontè pou lòt patisipan yo kapab wè ki moun ki voye boul la.

Di: Nou chak se youn nan bebe mwen yo. Mwen pral di yon mo epi mwen ap voye boul la ban nou. Lè nou atrap li repete mo a epi voye boul la retounen ban mwen. Lè nou fini, nou pral konte konbyen branch fil ki genyen ant mwen ak nou chak.

Voye boul la bay yon volontè 5 fwa. Chak fwa, di “baba” Volontè a ap atrap boul la, li ap di “baba” epi li ap retounen voye boul la ba ou. Lè ou atrap bou la di “wi, baba” fè li konpliman paske li eseye pale, epi tou di kichòy plezan sou kijan li te fè son an (entasyon ou se itilize plizyè mo ak bebe a)

Voye boul fil la bay dezyèm volontè a 3 fwa. Chak fwa, di “baba” Volontè a ap atrap boul la, li ap di “baba” epi li ap retounen voye boul la ba ou. Lè ou atrape boul la, di “wi, baba” men pa fè okenn konpliman osinon pa di anyen.

Voye boul fil la bay twazyèm volontè a yon fwa. Di “baba” Volontè a ap atrap boul la, li ap di “baba” epi li ap retounen voye boul la ba ou. Atrap boul fil la, men, pa di anyen.

** Nòt pou animatè a: You kapab voye boul fil la pa-aza. Asire sèlman ou voye li bay chak volontè kantite fwa a.*

Lè ou fin atrap ak lanse:

➤ **Mande: Konbyen fil ki genyen an total ant mwenmenm ak volontè yo>**

Lè yo fin konte fil yo,

➤ **Mande: Kiyès nan bebe sa yo ki pral gen yon sèvo ki pi fò epi ki petèt ta travay pi byen lekòl? Pou ki sa?**

Koute repons yo epi ajoute pwèn sa yo, si patisipan yo pa te mansyone yo.

- *Bebe ki gen plis fil yo, se li gen plis kominikasyon ale-vini ak moun ki ap pran swen li.*
- *Li ap gen opòtinite tande 30 milyon plis mo lè li rive nan laj 3 zan pase lòt 2 timoun yo pral tande (dapre Hart ak Risley 1995)*
- *Piske li konnen plis mo, li pral vin pi fasil pou bebe sa a aprann li epitou aprann lekòl.*

Di: Gen yon pwovèb ki di *Pale Franse pa di lespri pou sa.* (Paskè ou konn pale Franse sa p vle di ou entelijan) Men, pale Kreyòl ak bebe ou kapab fè l vin entelijan! Ekzèsis ak boul fil la montre kijan sikui aprantisaj langaj devlope nan sèvo yon bebe. Se pou ou pale ak bebe ou depi anvan li kapab kòmanse gazouye. Lè bebe ou kòmanse fè son, ou repete son li fè yo pou li, ou pale avèk li ak afeksyon epitou ou mete plis mo lè ou reponn li. Lè bebe yo tande menm son yo ak menm mo yo plizyè fwa yo kòmanse rekonèt mo yo menm si yo poko kapab repete mo sa yo.

➤ **Mande: Ki kèk mo nou di bebe ki sou kont nou yo?**

➤ **Mande: Ki kèk chante osinon istwa nou rakonte bebe ki sou kont nou yo?**

Fè rezime plizyè mo yo di bebe yo epi, felisite yo paske yo pale ak bebe yo.

Pratike devlopman ladrès langaj nan timoun.

Di: Okòmansman ou kapab santi ou enkonfòtab pou ou ap pale ak yon bebe osinon ak yon timoun piti, paske se sèlman kèk son yo kapab fè osinon se sèlman kèk mo yo kapab di. Gen moun ki pa fin sèten ki sa pou yo pale ak ti bebe yo. Nan aktivite sa a, nou pral pratike kijan nou kapab pale ak ti bebe yo.

Divize patisipan yo an gwoup ki gen 4 moun.

Di: Mwen pral bay chak gwoup yon sache ki gen yon bagay ladan l. Chak moun nan ekip nou an kapab gade nan sache a, men li pa p montre lòt moun li. Chak moun nan ekip ou a pral di nou yon bagay sou sa ki nan sache a men li pa p di ki sa ki nan sache a. Apre nou tande 4 sijesyon sou objè ki nan sache a, rès moun yo pral devine ki sa li ye.

Demontre jwèt la pou patisipan yo pou asire yo konprann kijan pou yo jwe. Pa-ekzanp, pran yon sache ki gen yon fig epi di 4 deskripsyon sou li. “Se yon bagay ki solid deyò men ki mou anndan, li grandi sou yon pye bwa, li gen koulè jòn epi moun kapab manje li. Asire tou patisipan yo devine sèlman lè ou fin bay tout 4 deskripsyon yo.

Bay chak ekip yon sache. Kòmanse jwe jwèt la. Apre chak gwoup te fè yon tou...

➤ **Mande: Ki kèk sijesyon ki te ede ou devine ki sa ki te nan sache a?**

Koute epitou rezime repons moun yo bay yo.

Di: Nou te mansyone koulè, santiman, fòm, gwosè epi ki sa ou kapab fè ak objè a. Ou kapab di bebe yo menm bagay sa yo pandan ou ap fè aktivite nòmal ak yo. Pa-ekzanp, imajine mwen ap bay bebe m manje.

Pretann ou ap bay yon bebe manje.

➤ **Mande: Ki kèk sijè mwen kapab pale ak li, pandan mwen ap ba li manje?**

Si patisipan yo pa kapab pote ide, ankouraje yo ak kesyon tankou: "Ki sa mwen ta kapab di li sou manje a? Èske se manje ou pi renmen?" Ki kote ou te jwenn manje a?

Anplis, ou kapab pretann bebe a ap gazouye epi ou ap repete son yo pou li epi ou fè li konpliman.

Di: Ou kapab chante pou li osinon rakonte l yon istwa pandan ou ap ba li manje.

➤ **Mande: Ki chante mwen ta kapab chante pou li? Ki istwa mwen ta kapab rakonte l osinon ki pwezi mwen ta kapab resite pou li? Ki priyè mwen ta kapab di pou li?**

Envite yon patisipan chante yon kouplè nan yon chante.

Di: Se tou pa ou pou demontre ki jan ou pale ak bebe osinon ak yon timoun piti. Mwen pral bay chak gwoup yon sitiyasyon nòmal. Montre nou ki sa ou ta fè nan sitiyasyon sa a pou ankouraje devlopman ladrès langaj yon timoun. Ou kapab esplike ki sa ou ap fè pou timoun nan, tankou, chante yon chante osinon rakonte yon istwa. Deside poukont ou.

Divize patisipan yo an nouvo gwoup osinon konsève menm gwoup ki te gen anvan yo. Bay chak gwoup yon senaryo ki diferan. Explore kèk senaryo nan lis la. Chwazi senaryo ki pi ale ak gwoup la osinon kreye senaryo pa ou. Se pou nou sonje tou, sa ki enpòtan, se pou moun ki ap bay timoun nan swen an kreye entè-aksyon; sa li ap di a pa bezwen espesifik ak sitiyasyon an.

Kèk senaryo ki kapab posib:

Senaryo #1: Se lè manje Yon bebe ap manje ak men li. Ki sa ou kapab di li, chante pou li osinon di li pandan li ap manje pou kò li a?

Senaryo #2: Ou ap mete yon timoun nan kabann. Li kapab mache pou kont li epi li konn non plizyè bagay. Ki sa ou kapab di li, chante pou li osinon rakonte l ipandan ou ap prepare li pou li al kouche?

Senaryo #3: Ou nan mache ak yon timoun. Li kapab lonje dwèt sou bagay yo epitou li kapab gazouye. Ki sa ou kapab di li, chante pou li osinon rakonte li pandan ou ap achte nan mache a?

Senaryo #4: Ou ap netwaye kay epi bebe a nan sal la. Ki sa ou kapab di li, chante pou li osinon rakonte li pandan ou ap netwaye kay la?

Senaryo #5: Ou ap abiye yon bebe. Ki sa ou kapab di li, chante pou li osinon rakonte li pandan ou ap abiye li a?

Senaryo #6: Ou nan yon klinik ak yon timoun. Li kapab di "kisa sa a ye" epi li lonje dwèt sou bagay ki nan klinik yo. Ki sa ou ta kapab rakonte li, pandan ou ap tann doktè a?

Senaryo #7: Bebe a ap kriye. Ki sa ou kapab di li, chante pou li osinon rakonte li pandan ou ap kalme li?

Sikile nan chak gwoup pandan yo ap prepare demonstarsyon pa yo. Mande chak gwoup pou yo jwe demonstrasyon yo an pou tout moun. Apre chak demonstrasyon, fè gwoup la konpliman pou efò li epi mande moun ki ap obsève kesyon sa yo.

➤ **Mande: Ki kèk lòt pawòl ou ou ta kapab di nan sitiyasyon sa a?**

Konfime ide patisipan yo

Di: Sonje 4 règ senp yo ki kapab ede nou devlope ladrès langaj timoun yo.

Koute chante sa a (osinon pwezi sa a) epi eseye tande 4 règ yo.

Chante chante (osinon resite pwezi) ou te prepare pou kont ou osinon pandan antrennman an.

Prepare pawòl chante a ak melodi anvan sesyon an, asire tou pawòl yo gen lide sa yo:

- 1. Pale ak timoun ou, menmsi ou panse yo pa konprann mo ou ap di yo.*
- 2. **Balanse li ale-vini** Si pitit ou di yon mo osinon pouse yon son, repete sa li di a pou li. Se konsa li ap aprann kreye mo epi pale.*
- 3. **Ankouraje.** Lè pitit ou kominike avèk ou, reponn li ak mo epi ak aksyon pou ankouraje li.*
- 4. Lè ou fè lekti, chante osinon priye ak bebe ou, sa ede li devlope ladrès pou li pale.*

Chante 4 règ pou devlope ladrès langaj.

Chèche jwenn pwomès patisipan yo pral pale ak bebe yo ak timoun yo lè yo rive lakay.

➤ **Mande: Ki meyè lè pandan jounen an pou kominike ak timoun ki sou kont ou?**

Si patisipan yo di “tout tan” mande kèk ekzanp aktivite espesifik pandan yon jounen lè yo pral kominike ak timoun ki sou kont yo.

➤ **Mande: Ki kèk bagay ou ta kapab di yo osinon chante pou yo? Ki istwa ou ta kapab rakonte?**

Konfime entansyon yo epitou bay plis sijesyon si sa kapab itil.

Di: Ann refè kesyon VRE / FO yo. Kouvri zye nou ak yon men epi koute fraz sa yo. Si ou panse pawòl la vre , leve men ou.

VRE osinon FO Si ou pale ak pitit ou regilyèman anvan li rive nan laj ennan, li ap gen plis mo vokabilè, epitou sa ap ede li aprann li, anplis tou, sa ap ede li aprann lè li ale lekòl.

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou te jwenn 1) nan kòmansman sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

Di: Ann fini sesyon an ak chante “4 règ pou devlope ladrès langaj” ansanm ankò.

Konfime efò patisipan yo epitou di tout moun orevwa. Asire nou ekri kantite patisipan yo nan kote ki fèt pou sa nan fèy ankèt la.

Sesyon 4: Devlopman sosyal ak emosyonèl

Objektif: Lè nou rive nan fen sesyon an, patisipan yo ap:

- Raple 4 sikui prensipal aprantisaj la ak chante “4 sikui aprantisaj” la.
- Konpare foto 2 bebe epi esplike rezon ki ta kapab responsab diferans sa yo
- Demontre aksyon ki montre afeksyon ak swen pou yon bebe osinon yon ti moun.
- Deside ki jan pou montre amou, afeksyon ak swen pou ti moun ki sou kont ou.
- Revize leson ki pi enpòtan yo nan sesyon #1 a #4 yo

Materyèl:

- Ankèt VRE / FO ki te sèvi nan sesyon anvan an.
- Foto sikui aprantisaj ki te sèvi nan sesyon #1 an
- Kopi foto ti moun an sante ak ti moun ki mal nourri (yon kopi pou 2 moun)
- Kat ak diferan sitiyasyon ak opsyon pou reponn sitiyasyon yo (yon sitiyasyon pou chak kat, yon kat pou chak gwoup)
- Yon moso fil osinon kòd ak sizo
- Ti branch, kreyon, osinon espageti sèk

Revize epi entwodui Sikui Aprantisaj Sosyal/Emosyonèl

Di: Bon vini nan 4èm sesyon an. Jodi a nou pral explore yon lòt sikui aprantisaj. Dabò, ann chante chante a ki pou raple nou kijan sèvo timoun grandi epi devlope.

Aprè patisipan yo vin chante chante a fè yo konpliman pou efò yo.

Di: Dabò kouvri zye nou ak yon men epi koute fraz sa yo. Si ou panse pawòl la vre, leve men ou.

VRE osinon FO Si ou trete timoun tout tan ak afeksyon epi ak bon swen, sèvo yo ak kò yo ap grandi epi devlope pi byen.

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou pral jwenn 1) nan fen sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

- **Mande: Konbyen nan nou ki konnen yon moun ki pa janti osinon ki pa kapab kontwole kòlè li.**

Aprè ou fin tande repons yo, montre foto sikui aprantisaj yo.

Di: Jodi a, nou pral aprann plis sou sikui aprantisaj ki ede timoun grandi epi kapab jere emosyon yo, pataje ak lòt, montre jantiyès, kapab kolabore ak lòt moun, kalme tèt yo epitou ki gen konfyans nan tèt yo. Sikui aprantisaj sa a rele sikui aprantisaj sosyal ak emosyonèl.

Ann kòmanse ak istwa 2 ti bebe.

Divize patisipan yo an gwoup ki gen 2 moun epi bay chak pè moun yon kopi foto bebe ki an sante epi yon kopi foto bebe ki mal nourri (si sa nesesè, ou kapab leve gwo foto anlè pou tout moun kapab wè, osinon pase foto yo men-an-men) Nan youn nan foto yo gen yon bebe ki mèg epi li pa eveye. Nan lòt foto a bebe a pi gwo, pi anfòm epi li parèt eveye.

Di: Sa a se David epi lòt la se Jean Francois. Diskite ak yon patnè:

- **Ki diferans ki genyen ant David ak Jean Francois?**
- **Ki sa ki ta kapab responsab diferans sa a?**

Aprè kèk minit mande yon ekip di yon diferans. Mande yon lòt ekip pou li di yon lòt diferans. Lè yo fin mansyone tout diferans yo, mande yon lòt ekip ki sa yo deside ki ta kapab koze diferans yo. Lè patisipan yo fin pale, esplike rezon ki fè diferans yo.

Di: Toude bebe yo ap manje menm manje, yo netwaye yo kòmilfo epi ni youn ni lòt pa malad. Men moun ki ap bay David swen an pote atansyon ak siyal, bezwen ak santiman David yo epi reponn avèk afeksyon plis swen. Konsa, David santi li atache ak moun ki ap ba li swen an, li gen konfyans moun nan ap ba li manje lè li grangou, moun nan ap sispann ba li manje lè vant li plen


Moun ki ap bay Jean Francois swen an pa okipe siyal ak kriye Jean Francois yo. Lè li reponn, li pa reponn yon fason ki gen afeksyon ak swen. Pou tèt sa, Jean Francois pa santi li konekte ak moun ki ap ba li swen an.

Konsa, menm si yo bay Jean Francois ase manje epi yo netwaye li, menm si li pa malad, devlopman li ralanti paske gen mankman nan afeksyon ak koneksyon nan lavi li. Si moun ki ap ba li swen an kontinye inyore siyal li yo epi kontinye reponn san afeksyon, Jean Francois kapab vin malad epitou Jean Francois kapab menm mouri. Menmsi bebe Jean Francois vin granmoun, lavi a ap pi difisil pou li devlope konfyans nan tèt li, pou li fè moun konfyans, pou li devlope relasyon dirab ak lòt moun, paske li pa te janm gen okazyon pou li ta devlope koneksyon ki baze sou renmen, sou afeksyon ak atansyon ak moun ki ap ba li swen an. Tout bagay sa yo kapab pi fasil pou bebe David.

- **Mande: Kisa nou panse sou istwa sa a?**
- **Mande: Ki kèk bagay ou fè pou ede timoun ki sou kont ou yo pou yo santi yo konekte avèk ou?**

Rezime repons patisipan yo bay yo.

Di: Tout sa yo se bon sijesyon. Ann pratike plis ekzanp pou montre plis renmen, afeksyon ak atansyon.



Healthy Baby

Bebe ki an sante



Malnourished Baby

Bebe ki mal nour

Demontre ki jan pou bay bebe ak timoun atansyon

Mande yon volontè. Di volontè a nan zòrèy oumenm ou ap jwe wòl maman an epi limenm li pral jwe wòl pitit fi ki gen 9 an. Di li pou li kriye lè ou deplase kite li pou kont li.

Di: Mwen se manman an epi pitit sa a se pitit mwen ki gen 9 mwa. Mwen ap mete li atè pou mwen kapab al fè travay mwen.

Deplase pou ale lwen volontè a, epi sa fè volontè a kriye.

Di: Chak lè mwen mete li atè, li kriye.

- **Mande: Èske sa konn rive ou tou? Pou ki sa li ap kriye? Ki jan bebe mwen an ye?**

Koute repons moun yo bay yo epitou rezime yo.

- **Mande: Kijan mwen kapab ba li afeksyon ak atansyon kounye a?**

Koute repons moun yo bay yo epitou fè jès yo.

- **Mande: Ki sijesyon ki gen afeksyon ak atansyon?**

Note: Si patisipan yo pa panse ak fason pou montre afeksyon ak atansyon, demontre nenpòt nan sa yo: Pote li, kenbe li, balanse li, pale avèl, di li ki sa ou ap fè, di li ou tou pre, di li ou pral pran li toutalè fè kontak ak zye li epi souri.

- **Mande: Kisa nou genyen jiska prezan?**

Reponn kesyon yo.

Pratike ladrès pou reponn bezwen sosyo-emosyonèl nan sitiyasyon nòmal chak jou

Di: Li kapab difisil pou konnen santiman timoun piti paske yo pa gen ase mo pou kominike sa yo santi. Ann fè plis pratik reponn timoun yo ak afeksyon epitou ak atansyon nan diferan sitiyasyon nan lavi nou chak jou.

Divize patisipan yo an gwoup ki gen 4 moun. Asire gen yon moun nan chak gwoup ki konn li. Distribye kat ki gen yon sitiyasyon epi opsyon pou reponn sitiyasyon an, sitiyasyon yo soti nan lis ki anba la a (yon kat pou chak gwoup)

Sitiyasyon:

Gwoup 1: Yon timoun ki gen twa mwa li reveye nan dòmi epi li ap kriye. Ou menm:

- a) *Inyore li jistan li sispann kriye.*
- b) *Di li, "si ou pa sispann kriye, mwen pa p pran ou."*
- c) *Souri, pran li epi pale ak li jantiman.*

Gwoup 2: Ou ap fè travay nan kay epi pitit ou ki gen 7 mwa ap woule sou do epi li ap gazouye ak kè kontan. Ou menm:

- a) *Ou di li ki sa ou ap fè pandan ou ap travay nan kay la.*
- b) *Ou di li pe la!*
- c) *Ou inyore li.*

Gwoup 3: Gen yon moun ki vin vizite ou epi pitit ou ki gen ennan edmi pè vizitè a, ke li pa konnen, epitou li ap eseye kache dèyè do ou. Ou menm:

- a) *Ou pouse li nan direksyon etranje a, ou reprimande li epi ou fòse li pou li di bonjou.*
- b) *Ou pote li epi ou di "pa gen pwoblèm cheri, mwen la Rete bò kote m epi koute pandan mwen ap pale ak zanmi mwen an."*
- c) *Ou di, " Si ou pa di bonjou, mwen pral mete ou yon kote byen lwen mwen"*

Gwoup 4: Pitit ou ki gen ennan kòmanse ap mache. Kounye a, li ap rale bagay sou etajè yo pou li jete yo atè epi li ap retire bagay ki nan bifèt yo. Ou menm:

- a) *Ou tape men li epi ou di li pou li sispann.*
- b) *Ou mete li nan bèso li pou li ka lwen tou bagay ou yo.*
- c) *Deplase li mete li yon lòt kote epi ba li lòt bagay pou li jwe.*

Gwoup 5: Pitit ou a ki gen ennan-edmi vle kichòy epi li pa kapab jwenn li, pou tèt sa, li fese kòl atè sou planche a epi li ap rele epi ap kriye. Ou menm:

- a) *Ou rele sou li pou li kapab pe epi sispann fè mal-elve.*
- b) *Tape li jistan li konpòte li.*
- c) *Ou di " mwen wè ou fache anpil" epi ou eseye karese li pandan ou ap montre li yon lòt bagay li ka pran pou li jwe.*

Gwoup 6: Pitit ou ki gen 3 zan anbrase yon moun ki tonbe. Ou menm:

- a) *Ou felisite li paske li janti ak yon lòt moun.*
- b) *Ou pa di li anyen.*
- c) *Ou di li li mou tankou yon ti fi.*

Di: Chak gwoup gen deskripsyon yon sitiyasyon ak 3 diferan chwa repons sou kisa yo kapab fè nan chak sitiyasyon. Li sitiyasyon ou a epi chwazi opsyon ou panse ki meye pou bay timoun afeksyon ak atansyon Prepare pou montre nou seleksyon ou an.

Sikile nan chak gwoup pou asire moun yo konpran aktivite a. Ankouraje patisipan yo pratike demonstrasyon yo an ti gwoup.

Kòmmanse demonstrasyon yo. Apre chak demonstrasyon an gwoup, poze kesyon sa yo.

- **Mande: Ki jan moun ki ap bay swen a te montre afeksyon ak atansyon nan sitiyasyon sa a?**

Lè yo fin fè tout demonstrasyon yo, poze kesyon sa a.

- **Mande: Kisa ou genyen sou li?**

Reponn kesyon yo.

Di: Gendelè nou pa gen tan osinon nou pa pare pou nou reponn chak fwa li ban nou yon siyal osinon chak fwa li kriye. Nou pa atann ou pral yon moun ki pafè nan tout sa ou ap fè, règ la se pou ou reponn jantiman pi souvan ou kapab.

Kenbe de bout yon moso fil ak de men ou.

Di: Imajine yon men se mwen epi lòt men an reprezante yon bebe ki sout mwen. Si bebe sa a sispann voye siyal ban mwen osinon, si bebe a sispann kriye pou li endike li bezwen kichòy, sa vle di li sispann konekte avè m.

Mande yon patisipan pou li koupe fil la ak yon sizo.

Di: Lè li sispann eseye kominike ak mwen sikui sosyal ak emosyonèl nan sèvo yo pap devlope menm jan ak sikui sosyal lòt timoun ki gen paran osinon moun ki ap pran swen yo ki reponn osinon ki konekte ak li.

Montre foto sikui aprantisaj la ankò. Mete men ou sou sikui sosyal / emosyonèl la.

Di: Men mwen sou foto a reprezante yon baryè sou sikui a tankou yon gwo wòch ki anpeche m kontinye. Menm jan an tou, si sikui nan sèvo a gen anpechman nan devlopman li, lè timoun nan vin gran moun, li ap gen difikilte pou jere emosyon, pataje ak lòt osinon pou li janti ak lòt moun. Li ap difisil pou timoun nan kolabore ak lòt, pou li fè lòt konfyans, pou li kalme tèt li epitou pou li gen konfyans nan tèt li.

[Revize leson ki pi enpòtan yo nan sesyon #1 a #4 yo](#)

Di: Nou rive nan fen sesyon sou devlopman sosyal-emosyonèl timoun.

- **Mande: Ki aktivite nan sesyon sa a ou pral fè ak timoun ki sou kont ou pou ede yo konekte avèk ou epi tou pou yo santi afeksyon ak atansyon?**

Sonde pou jwenn repons espesifik sou ki sa yo pral fè – prensipalman aktivite ou ta kapab wè, si ou te prezan- alapas repons tankou “mwen pral bay plis afeksyon ak atansyon.


Di: Kounye a, nou gen plis enfòmasyon sou sikui sosyal-emosyonèl, koute fraz sa yo ankò epi vote si yo vre osi non si yo fo. Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

VRE osinon FO Si ou trete timoun tout tan ak afeksyon epi ak bon swen, sèvo yo ak kò yo ap grandi epi devlope pi byen.

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou te jwenn 1) nan kòmansman sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

Di: Nou rive nan mitan 8 sesyon yo, se yon bon moman pou nou revize tout sa nou te apran yo.

Divize patisipan yon an gwoup ki gen 5 moun. Kreye imaj sa a atè a, ak ti branch bwa osinon kreyon osinon branch espageti nou poze atè a. Si gen tan pou fè plis pase 7 kesyon, nou kapab kreye yon lòt lopy imaj la epi kontinye jwèt la.



Di: Mwen pral mande yon ekip yon kesyon. Ekip la ap gen 30 segond pou reponn kesyon an. Si ekip la reponn kòrekteman, li ap resevwa yon pyès nan imaj la. Si li pa kapab reponn kesyon an, alò ekip ki akote li a ap gen chans pou reponn kòrekteman. Ekip ki resevwa plis pyès nan imaj la ranpòte viktwa.

Poze premye kesyon revizyon ki nan lis la ki anba la a. Si ekip la bay youn nan bon repons yo ki nan lis la, retire yon pyès nan imaj la epi bay ekip la li. Kontinye ak rès kesyon yo.

** Nòt pou animatè a: Kesyon ak repons yo nan fen sesyon sa a.*

Di: Ann klotire sesyon sa a ak chante “Kat sikui aprantisaj la”.

Chante chante a, fèj jès ki ale ak mo yo, remèsi patisipan yo epi di yo orevwa. Asire nou ekri kantite patisipan yo nan kote ki fèt pou sa nan fèy ankèt la.

Kesyon revizyon	Repons
Anvan bebe yo kapab pale nonmen kèk bagay li kapab kominike ba ou?	<i>“Non, mèsè”, “wi silvouplè”, tout santiman yo –kontan, tris, fristre ak lòt ankò.</i>
Montre nou yon ekzanp siyal yon bebe kapab kominike epi di nou nan ki okazyon ou te wè yon bebe te itilize siyal sa a.	<i>Nenpòt nan siyal bebe nou te diskite nan sesyon #2 yo ap kòrèk kòm repons.</i>
Si yon bebe di ou “ba, ba”, ki sa ou ta dwe fè?	<i>Nenpòt nan bagay sa yo kòrèk:: Di bebe a “ba, ba” tou epi felisite li paske li ap eseye pale; Pale plis avèk li.</i>
Ki kèk aktivite ou kapab fè pou ede nan devlopman sèvo bebe ou?	<i>Nenpòt nan bagay sa yo kòrèk:: Pale avè l, ba li afeksyon ak atansyon, jwe avèk li, chante pou li. Tout entè-aksyon ak yon bebe konstwi devlopman sèvo li.</i>
Bebe yon zanmi ou reveye nan dòmi epi li ap kriye. Zanmi ou a inyore li pou li kapab aprann bebe a pou li pa kriye. Ki sa li ta dwe fè alapas?	<i>Nenpòt nan bagay sa yo kòrèk:: Souri, pran li, pale avèk li dousman..</i>
Kisa ki kapab rive si ou pa toujou reponn bebe ou ak afeksyon l& li bay yon siyal?	<i>Nenpòt nan bagay sa yo kòrèk:: Li pa p grandi; Sèvo li pa p devlope; Li pa p gen konfyans nan tèt li; Li ap gen difikilte pou li kolabore ak lòt; Li ka gen difikilte pou li kontwole emosyon li; Li ka gen pwoblèm pou li montre jantiyès osinon pou li fè moun konfyans.</i>
Pou ki sa se yon bon bagay pou chante pou ti bebe?	<i>Nenpòt nan bagay sa yo kòrèk: Sèvo li ap grandi, sa ede li devlope ladrès langaj (sa ede l pale); Sa ede l kalme, sa montre li atansyon ak afeksyon.</i>

Kesyon revizyon	Repons
Ou ap bay bebe a manje yon fig. Ki 2 bagay ou kapab di li pandan ou ap ba li manje a?	<i>Tout repons bon.</i>
Chante chante “4 sikui pou devlope sèvo a”.	<i>Si patisipan an kapab chante omwen mwaye chante a, li akseptab.</i>
Nonmen yon bagay ou kapab fè pou prepare pitit ou pou li kapab li byen epi aprann byen	<i>Nenpòt nan bagay sa yo kòrèk.: Pale avèk li, chante pou li, entè-aji avè l, fè lekti pou li.</i>
Pou ki sa gade televizyon se pa yon bon mwayen pou devlope sikui aprantisaj pou timoun devlope ladrès langaj?	<i>Paske timoun nan pa kapab entè-aji ak televizyon an.</i>
Ou ap benyen pitit ou. Ki 2 bagay ou kapab di li pandan ou ap benyen li a?	<i>Tout repons bon.</i>
Montre nou yon lòt ekzanp siyal yon bebe kapab kominike epi di nou nan ki okazyon ou te wè yon bebe te itilize siyal sa a.	<i>Devine ki siyal bebe a ap kominike. Diskite nan ki kontèks patisipan an te wè siyal la epi mande si demonstrasyon an sanble ak jan sa te pase a, mande patisipan yo demontre lòt fason siyal la ta kapab sanble.</i>
Chante yon chante ou ta kapab chante pou yon bebe osinon pou yon timoun piti.	<i>Nenpòt repons kòrèk.</i>

Sesyon 5: Devlopman Fizik:

Objektif: Lè nou rive nan fen sesyon an, patisipan yo ap:

- Dekri kijan yo ap itilize konesans yo ak ladrès yo pou timoun ki sou responsablite yo.
- Demontre divès jwèt yo kapab jwe avèk bebe osinon ak timoun piti.
- Òganize plizyè foto ki montre devlopman fizik dapre sekans ki kòrèk la.
- Idantifye diferan fason pou ankouraje devlopman fizik timoun ak objè ki disponib nòmman.

Materyèl:

- Foto sikui aprantisaj ki te sèvi nan sesyon #1 ak sesyon #4 la
- Ankèt VRE / FO ki te sèvi nan sesyon anvan an.
- Prepare yon jwèt rapid ki dire mwens pase 5 minit, ki gen mouvman fizik ki kòrèk pou jwe ak yon timoun ki poko gen 3 zan epi tout patisipan yo kapab jwe.
- 5 pake kat ak foto ki montre devlopman fizik (yon pake kat pou chak gwoup)
- Objè ou ka jwenn nan kay nòmman tankou bòl, rad, kèk gode, diri, fwi, boul, chèz ak yon ti ban.
- 2 boul (osinon 2 objè ki kapab sikile/ lanse fasilman)

Bay patisipan yo yon ti tan pou yo diskite abitud pa yo epi entwodui sijè a.

Di: Bon vini nan 5èm sesyon an. Nan sesyon anvan yo, nou te esplore kijan pou nou konprann epi reponn lè bebe yo eseye kominike avèk nou, nou te wè tou li enpòtan pou nou pale ak timoun yo, pou nou ba yo afeksyon ak atansyon konsa yo kapab devlope yon koneksyon avèk nou.

➤ **Mande: Ki jan nou te aplike sa nou te aprann yo timoun yo? Ban nou yon ekzanp**

Tande kèk ekzanp Konfime efò patisipan yo epi entwodui sesyon an. Montre yon foto “sikui aprantisaj”

➤ **Mande: Nonmen 2 sikui aprantisaj nou te aprann anvan jodi a.**

Asire yo idantifye repons ki kòrèk yo: Ladrès langaj (ki enkli siyal bebe) ak devlopman sosyal-emosyonèl.

Di: Jodi a nou pral esplore “sikui aprantisaj” devlopman fizik pou timoun depi yo fèt jiska laj 3 zan. Nou gen 2 kesyon VRE / FO sou sijè a. Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

VRE osinon FO Lè ou jwe diferan jwèt ak timoun, ou ap devlope kò yo ak sèvo yo.

VRE osinon FO Aksyon tankou kenbe, pouse, rale, mache endike sèvo yo ap devlope.

Konte kantite men ki leve yo pou chak kesyon epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou pral jwenn 1) nan fen sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.


Entwodui etap ki genyen nan devlopman fizik

Di: Lè timoun jwe diferan jwèt se fason pozitif epi agreyab pou devlope kò yo. Anplis jwèt yo devlope sikui nan sèvo yo ki kontwole mouvman.

➤ **Mande: Nonmen kè jwèt ou jwe ak timoun ki po ko gen 3 zan.**

Aprè patisipan yo fin nonmen kèk jwèt, dirije yo pou explore yon jwèt yo konnen deja epi ki rapid e amizan, tankou

- *Peek-a-Boo (kache figi) koukou-ba a*
- *Patty Cake, osinon lòt jwèt bat men*
- *Chante ki gen pou fè jès*
- *Pase nan tinèl (kanpe epi kite timoun nan pase anba janm ou)*
- *Ann konstwi yon fò (mete yon dra sou de chèz epi timoun nan jwe anba dra a.)*



- **Mande: Ki pati nan kò a ou itilize plis pandan jwèt la? Ki lòt pati nan kò a ou tilize tou?**

Konfime repons yo epi ankouraje patisipan yo pou yo idantifye diferan pati kò a ak ladrès yo kapab fasilite tankou devlope kowòdinasyon (fizik), pwononse mo nouvo (langaj) osinon souri, fè kontak ak zye, imite (sosyal-emosyonèl)

- **Mande: Ki laj timoun ki kapab jwe jwèt sa a? Èske yon timoun 6 mwa ta kapab? Èske yon timoun ennan ta kapab? Èske yon timoun 2 zan ta kapab?**

Aprè ou fin tande repons yo, diskite rapidman pou ki sa diferan laj yo ta kapab osinon pa ta kapab jwe jwèt sa a.

Di: Ann jwe diferan lòt jwèt epi deside ki laj pou chak jwèt.

Direje patisipan yo pou jwe yon jwèt ki gen bat men.

** Nòt pou animatè a: Gade desen ki nan paj ki vini apre yo pou wè ekzanp jwèt pou ti bebe.*

- **Mande: Ki laj timoun ki kapab jwe jwèt sa a? Pou kisa oswa pouki pa?**

Si patisipan yo gen pwoblèm pou yo reponn, ede yo, mande yo èske yon timoun 6 mwa kapab fè aktivite sa a. Èske yon timoun ennan ta kapab? Èske yon timoun 2 zan ta kapab?

Konfime sijesyon moun patisipan yo bay yo. Si patisipan yo ta sijere nenpòt bagay ki danjere osinon ki pa apwopriye pou laj, esplike pou ki sa li pa apwopriye epi sijere yon lòt aktivite alapas.

Dirije patisipan yo sou jwèt pati nan kò a. moun ki ap pran swen timoun nan di non yon pati nan kò epi touche kote sa a epi mande timoun nan pou idantifye pati sa a sou kò pa li. (mande li pou li nonmen non pati a si li ap aprann pale)

- **Mande: Ki laj timoun ki kapab jwe jwèt sa a? Pou kisa oswa pouki pa?**

Si patisipan yo gen pwoblèm pou yo reponn, ede yo, mande yo èske yon timoun 6 mwa kapab fè aktivite sa a. Èske yon timoun 1 zan ta kapab? Èske yon timoun 2 zan ta kapab?


Di: Li enpòtan pou nou pa fòse yon timoun pou li fè mouvman kò li poko pare pou li fè; ladrès fizik yo devlope dapre yon lòd patikilye. Ann gade lòd ladrès fizik yo devlope.

Divize patisipan yo an 5 gwoup. Ditribiye bay chak gwoup yon koleksyon kat ki gen foto devlopman fizik.

Di: Gade foto ki sou tout kat yo. Chak kat montre yon aksyon fizik ki diferan. Ògànize kat yo pou montre lòd timoun yo apran fè aktivite sa yo. Òdone kat yo pou premye kat la montre aksyon ki pi fasil la epi dènye kat la ta montre aksyon ki pi difisil la.

Verifye ezilta yo. Si gen foto ki pa nan lòd yo ta dwe ye, poze patisipan an kesyon pou ede li rekonsidere pozisyon kote li plase foto yo.

**TABLO DEVLOPMAN FIZIK
BEBE**




**1. Fetal posture
(newborn)**

**2. Holds chin up
(0-3 months)**

**3. Holds chest up
(2-4 months)**

**4. Sits with support
(4-7 months)**




**5. Sits alone
(7-12 months)**

**6. Stands with
support
(9-14 months)**

**7. Crawls
(10-16 months)**

**8. Walks if led
(11-16 months)**



**9. Stands alone
(11-16 months)**

**10. Walks alone
(9-18 months)**

**11. Kicks a ball
(2 years)**

**12. Dresses
her/himself
(3 years)**

ETAP NAN DEVLOPMAN BEBE

1. Pozisyon fetal, li fèk fèt.
2. Li leve manton li (ant a 3 mwa)
3. Leve lestomak (ant 2 mwa ak 4 mwa)
4. Kapab chita lè li jwenn èd (ant 4 a 7 mwa)
5. Chita pou kont li (ant 7 mwa ak 12 mwa)
6. Kanpe lè li jwenn sipò (ant 9 mwa ak 14 mwa)
7. Rale (ant 10 mwa a 16 mwa)
8. Mache lè moun ankouraje li (ant 11 mwa a 16 mwa)
9. Kanpe pou kont li (ant mwa a mwa)
10. Mache mpou kont li (ant 9 mwa a 18 mwa)
11. Choute boul (2 zan)
12. Mete rad sou li pou kont li (3 zan)

Aprè nou fin konfime lòd pou chak kat ak foto yo poze kesyon sa a:

➤ **Mande: A ki laj pitit ou te kòmanse fè mouvman sa yo?**

Tande kèk repons.

Di: Se pa tout timoun ki rive nan etap yo ekzakteman menm tan. Pa-ekzanp, gen timoun ki kòmanse mache depi yo gen ennan alòske gen lòt timoun ki poko mache a enan-edmi. Sa se pa yon pwoblèm. Si yon bebe pa kapab mache a ennan-edmi (18 mwa), ou ta dwe al konsilte yon doktè pou verifye etap devlopman li.

Demontre aktivite ki asosye ak etap devlopman fizik.

Di: Nou fin mete etap yo annòd, ann gade lòt aktivite timoun yo kapab fè ak kò yo dapre laj yo. Ann gade foto yon timoun sou kat la ki gen mwens pase yon mwa.

Montre patisipan yo kat la.

➤ **Mande: Ki sa bebe sa a kapab fè ak kò li? Si patisipan yo bezwen èd pou reponn kesyon an, mande yo plis kesyon, tankou: Èske bebe a kapab bouje zye li? Bouch li? Tèt li? Chita pou kont li? Bra li? Janm li? Kenbe objè ak men li yo?**

Koute sijesyon patisipan yo bay epi konfime repons ki kòrèk yo.

Di: Men sa nou kapab fè pandan aktivite nòmal chak jou pou edi li itilize ladrès fizik depi li fèt jiska laj 4 mwa.

Fè jès pou demontre aktivite sa yo pandan ou ap di yo.

Di: Lè li fèk fèt...

- Mwen asire li kapab gen yon kote ki konfòtab pou li dòmi paske li pa kapab deplase pou kont li epitou li pa kapab chita non plis.
- Mwen dwe soutni tèt li ak kou li lè mwen ap leve li jiskaske li devlope ase pou li fè sa pou kont li.
- Lè mwen kenbe li mwen kapab fè mouvman ak figi mwen (souris, grimas) konsa vizyon ak zye li kapab konsantre epitou li ka eseye imite mouvman mwen ap fè yo.

Lè li kòmanse leve manton li mwen kapab...

- Mete li kouche sou vant. Lè li kouche sou vant li ap eseye leve tèt li ak lestomak li pou li gade adwat ak agoch. Lè ou mete li yon ti tan sou vant chak jou, sa ap ede li devlope plis fòs.

Lè li rive 3 mwa epi li kòmanse soutni lestomak li mwen kapab...

- Mete kichòy devan li pou li gade.
- Pale avèk li, rakonte l istwa epi li pral eseye gade m pandan li ap koute sa mwen ap di.

Nou kapab jwe jwèt timoun avèk li. Gendelè nou pa gen tan pou nou jwe. Kanmenm gen aktivite nou kapab fè toulejou lè nou ap benyen li, lè nou ap ba li manje, pa-ekzanp ki kapab ede timoun yo devlope sikui devlopman ladrès fizik nan sèvo yo.

Ann jwe yon jwèt rapid pou ede nou panse sou kisa nou kapab fè pandan aktivite nòmman chak jou pou ede timoun ki gen laj ant 4 mwa ak 3 zan.

Òganize patisipan yo an sèk. Nan mitan sèk la mete objè ou ka jwenn nan kay nòmman tankou yon bòl, yon kiyè, yon rad, kèk gode, diri, fwi, boul, yon chèz solid ak yon ti ban.

Montre patisipan yo 2 boul (osinon nenpòt bagay ki kapab sikile fasilman) epi eplike yo jwèt la.

Di: Ann chwazi yon chante ki bèl, ki bay lajwa ke nou kapab chante ansanm epi mwen pral sikile 2 boul (osinon lòt bagay) nan direksyon opoze. Pase yo rapidman. Lè mwen di RETE, mwen pral poze moun ki gen youn nan boul yo nan men li yon kesyon. Objè yo ki sou planche a kapab ede nou panse sou repons yo. Si moun nan gen difikilte pou jwenn repons lan, li kapab mande lòt moun ki gen lòt boul ede l.

Fè gwoup la chwazi yon kesyon epi kòmanse jwèt la. Fè yon boul sikile nan yon direksyon epi fè lòt boul la sikile nan lòt direksyon an. Chante chante a. Di RETE epi poze yon moun ki gen boul nan men li yon kesyon. Gade kare a pou jwen kèk sijesyon pou kesyon yo. Mande lòt moun nan ki gen lòt boul la nan men li pou li ede si nesesè. Konfime osinon korije repons yo, sèvi ak repons ki nan lis la si nesesè, gen lòt repons kapab bon tou.

Fè yon pratik pou moun yo konprann jwèt la

Kesyon	Repons ki posib
Pitit ou ap aprann ranmase objè ak dwèt endèks li plis dwèt pous li. Kiyès pami objè ki sou planche a li kapab eseye ranmase? (9 mwa)	<i>Kiyè, gode, rad, plim, papye, telefòn, bonbon.</i>
Pitit ou kapab grenpe. Kijan li kapab pratike grenpe san li pa fè aksidan. (3 zan)	<i>Ti ban, chèz osinon kabann</i>
Pitit ou ap aprann anpile objè youn sou lòt. Ki objè ki sou planche a ou kapab itilize pou ede li pratike anpile objè? (18 mwa)	<i>Gode, bòl, blòk, bwat.</i>
Pitit ou kapab mete manje nan bouch li ak men li. Ki objè ki kapab ede l pratike? (7 mwa)	<i>Diri kuit, bonbon, fwi</i>

Kesyon	Repons ki posib
Pitit ou ap aprann rale. Kijan ou kapab ede li pratike? (9 mwa)	<i>Di li rale vin jwenn ou.</i>
Pitit ou kapab leve kanpe. Kijan ou kapab ede li pratike? (10 mwa)	<i>Ban (ki estab) Kite li kenbe ou.</i>
Kounye a pitit ou kapab lonje men li pou rale diferan bagay Kijan ou kapab sèvi ak objè sou planche a pou ede li pratike? (7 mwa)	<i>Nenpòt pami objè ki piti yo.</i>
Pitit ou kapab mache pandan li kenbe mèb yo. Kijan ou kapab ede li pratike? (ennan)	<i>Montre li ki mèb li kapab itilize.</i>
Pitit ou kapab lanse diferan objè. Kiyès nan bagay sa yo li pral eseye lanse? (2 zan)	<i>Nenpòt bagay ki leje ase pou li ranmase.</i>
Pitit ou kapab monte eskalye. Li kapab kouri. Ki kote li kapab pratike ladrès sa yo? (3 zan)	<i>Montre li kote ki sekiritè kote li ye a.</i>

Chèche jwenn pwomès patisipan yo pral ede timoun yo nan devlopman fizik yo.

Di: An travay an gwoup ki gen 2 moun. Diskite kijan nou pral kapab sèvi ak enfòmasyon nou jwenn jodi a pou devlopman timoun ki sou kont nou.

- **Mande: Sonje kat ak foto yo. Ki aktivite bebe ou osinon timoun piti ou kapab fè kounye a?**
- **Mande: Ki sa ou pral fè lè ou avèk yo pou yo kapab pratike aktivite sa yo?**

Konfime sijesyon patisipan yo bay yo.

Di: Pa bliye tout timoun pa devlope ekzagteman an menm tan. Lè nou fòse pitit nou fè aktivite anvan li pare sa pa p ede li fè li pi vit. Pa ekzanp, fòse li mache pa p fè li kapab mache nesèsman. Li pral mache lè sèvo li prepare pou mache epitou kò li devlope ase epi gen fòs ase pou li mache.

Li enpòtan pou nou bay timoun yo ankourajman, espas pou yo deplase, jwèt pou yo jwe, se konsa yo ap kapab devlope fizikman kòmilfo. Si ou remake pitit ou ta gen plizyè mwa an reta konpare ak lòt timoun, pale ak yon doktè sou sa.

Nou pral fini sesyon an ak menm kesyon VRE / FO yo.

VRE osinon FO Lè ou jwe diferan jwèt ak timoun, ou ap devlope kò yo ak sèvo yo.

VRE osinon FO Aksyon tankou kenbe, pouse, rale, mache endike sèvo yo ap devlope.

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou te jwenn 1) nan kòmansman sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

Di: Ann klotire sesyon sa a ak chante “Kat sikui aprantisaj la”.

Chante chante a, fè jès ki ale ak chante a, di tout moun mèsè pou patisipasyon yo epi klotire sesyon an. Asire nou ekri kantite patisipan yo nan kote ki fèt pou sa nan fèy ankèt la.

Sesyon 6: Devlope sikui aprantisaj pou panse

Objektif: Lè nou rive nan fen sesyon an, patisipan yo ap:

- Rekonèt ke timoun ak granmoun pa pèsevwa bagay yo menm jan.
- Idantifye omwen 5 fason timoun kapab devlope ladrès pou panse.
- Sigjere kijan pou ankouraje yon timoun devlope ladrès pou li panse pandan aktivite nòmal toulejou.

Materyèl:

- Ankèt VRE / FO ki te sèvi nan sesyon anvan an.
- Foto elefan
- Sirèt osinon ti moso fwi oswa legim, genyen ki di, genyen ki moun (yon moso pou chak patisipan)
- Yon ti kantite diri kri(osinon lòt bagay) nan yon sache.
Objè nòmal tankou rad ki gwo ase pou kouvri tèt ou, 3 kiyè epi 3 gode.

Revize chante sikui aprantisaj la a epi introdui sesyon an

Di: Bon vini nan 6èm sesyon an. Nou pral aprann sou dènye sikui aprantisaj la. Ann chante chante “4 sikui aprantisaj” la pou nou kapab sonje li epitou pou nou montre moun ki nouvo nan gwoup la jodi a.

Chante chante a, fè jès ki ale ak chante a. Konfime patisipasyon moun yo.

Di: Kòm dabitid pandan chak sesyon, nou pral kòmanse ak yon kesyon VRE / FO Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

VRE osinon FO Timoun ak gran moun fè esperyans lavi a menm jan.

VRE osinon FO Bebe yo devlope ladrès panse ak men yo epi ak bouch yo.


Konte kantite men ki leve yo pou chak kesyon epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou pral jwenn 1) nan fen sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

Di: Anvan fen sesyon an ou pral konne tout bon si sa VRE osinon FO “Krik!”

Tann patisipan yo reponn “Krik”

Di: Sesyon jodi a kòmanse ak yon istwa sou kèk timoun ak yon elefan. Yon jou, te gen anpil eksitasyon nan yon vilaj. Bri kouri ke gen yon elefan ki pral vin vizite vilaj la. Moun yo te konn abitye tande istwa elefan, men yo pa t janm wè yo elefan ak je yo. Plizyè paran te mennen pitit yo, pami yo te gen timoun ki potko menm gen 3 zan, pou yo kapab wè elefan an, paske se ta kapab sèl chans pou yo ta wè elefan, nan lavi yo. Moun yo mache, yo mache ak timoun yo sou bra yo, jistan yo rive devan elefan an.

Montre foto elefan an.



Kontinye istwa a, pwente sou diferan pati nan kò elefan an pandan ou ap rakonte istwa a.

Di: Timoun yo te kirye anpil. Gen yon manman ki kenbe pitit li byen di epi li apwoche elefan an ak prekosyon. Gen timoun ki mache toutotou elefan an.

Gen yon timoun ki pran chans, li touche janm elefan an.

“ Ooo yon elefan tankou yon pye bwa” li panse lè li touche janm elefan an.

Gen yon lòt timoun ki pran ke elefan an “Ooo elefan se yon kòd” timoun nan di.

Gen yon twazyèm timoun ki touche twonp elefan. “O non” li di papa li, “Yon elefan se yon kalite koulèv”

Gen yon katriyèm timoun ki touche pwent defans elefan an epi li kouri al jwenn manman li epi li di, “Yon elefan se yon pik, li kapab blese nou”.

Gen yon manman ki mete bebe li tou pre elefan an. Ti bebe a te twò piti pou li wè byen, li vire tèt li epi li panse “gen yon bagay la a, tou pre mwen ki santi move, li pa santi bon tankou manman m.”

- **Mande: Kiyès nan timoun yo ki te konprann ki sa yo lefan ye?**

Rezime repons patisipan yo bay yo.

- **Mande: Kijan sa fè rive pou chak timoun gen diferans pa yo nan jan yo wè menm bagay la.**

Rezime repons patisipan yo bay yo.

Di: Istwa sa raple nou timoun yo pa wè bagay yo menm jan avèk nou. Se pou nou gen pasyans ak yo pandan yo ap aprann epitou se pou nou ankouraje yo pou yo kapab aprann ak kè kontan. Nan pwochen aktivite a, nou pral explore kèk fason timoun devlope ladrès pou panse, ladrès pou aprann, ak ladrès pou rezoud pwoblèm depi yo fèk fèt jiska laj 3 zan.

[Demontre kijan timoun aprann](#)

Di: Tanpri, fèmen zye nou. Mwen pral mete yon bagay nan men nou epi nou pral manje li. Li pral gen bon gou, pa enkyete nou. Ou pa bezwen di nou ki sa li ye.

Mete yon sirèt osinon moso fwi nan men chak patisipan. (repete ak yon manje ki pi di, tankou kawòt, si nou vle.)

Di: Kounye a, mwen pral pase yon sache. Pinga nou gade, men touche sa ki anndan sache a. Pa di nou ki sa li ye. Pase sache a bay moun akote nou jistan tout moun touche sa ki anndan sache a.

Pase yon sache diri (osinon lòt bagay moun kapab rekonèt lè yo touche li)

- **Mande: "Kisa ou te mete nan bouch ou?" Ki jan ou fè konnen kisa li te ye?**
- **Mande: "Kisa ou te santi nan men ou?" Ki jan ou fè konnen kisa li te ye?**

Konfime repons patisipan yo

Di: Nou fèk fè esperyans kijan timoun piti devlope sikui panse nan sèvo yo. Yo itilize bouch yo, zye yo ak men yo pou yo evalye gwosè, fòm, gou ak lòt karakteristik diferan bagay yo genyen. Lè ou wè yon timoun ap gade, ap touche epi ap mete bagay nan bouch li, se aprann li ap eseye aprann.

- **Mande: Ki kèk ekzanp bagay ou te wè ti bebe eseye mete nan bouch li osinon eseye touche ak men li?**

Koute epitou afime repons patisipan yo bay.

Di: Li nòmal pou bebe vle mete bagay nan bouch li, men pran prekosyon pou bebe a pa mete bagay ki piti nan bouch li, pou li pa toufe.

Ann idantifye lòt fason timoun kapab devlope ladrès pou panse. Sonje, panse vle di “aprann” epi “rezoud pwoblèm.”

Mete objè sa yo nan mitan planche a. yon rad ki gwo ase pou kouvri tèt ou, 3 kiyè epi 3 gode.

Di: Ann chante yon chante tout moun konnen. Pandan nou ap chante a, mwen pral montre ou kèk bagay bebe yo ak timoun yo fè pou devlope ladrès pou panse yo. Eseye sonje 5 nan sa mwen fè yo.

Lè patisipan yo kòmanse bat men epi chante, fè aktivite ki ekri nan kare a. Fè yon pòz ant chak aktivite pou yo kapab konnen ki lè ou fini ak yon aktivite epi kilè ou kòmanse ak yon lòt aktivite.

Aktivite

- *Mete yon twal pou kouvri tèt yon patisipan. Retire twal la, bat men epi souri ak espresyon sipriz.*
- *Chita bò kote yon patisipan epi imite mouvman li ap fè ak kò li.*
- *Atire atansyon yon patisipan epi lonje dwèt ou sou yon bagay. Asire li remake sa ou ap montre a.*
- *Pretann ou ap chèche kichòy (mete yon gode anba yon twal) epi ou jwenn li.*
- *Separe kiyè yo ak gode yo.*
- *Mete tout kiyè yo ansanm ak tout gode yo ansanm.*

Konstwi yon pon ak kichòy (kiyè ak gode)

* Nòt pou animatè a: Ou kapab chanje nenpòt aktivite nou te demontre yo pou ranplase yo ak lòt aktivite baze sou laj timoun nan ak aksyon ki apwopriye ak laj, jan li dekri nan lis ki ap vini la a.

Lòt aktivite klase dapre laj:

0-6 mwa: Timoun nan eseye touche yon bagay ki twò lwen li, timoun nan ap gade men li, timoun nan mete objè nan bouch li, timoun nan touche objè epi goute objè pou li explore yo.

6-12 mwa: Timoun nan suiv direksyon pou li ranmase yon jwèt, timoun nan jwe (kache figi) koukou-ba a, timoun imite jès ou

12-24 mwa: Timoun nan kapab lonje dwèt pou montre yon bagay, li kapab pran yon objè ki familye lè li lwen osinon lè li vle li, li kapab mande yon objè, li kapab imite aktivite nòmral tankou bale, li kapab rekonè 3 objè si ou nonmen yo.

24-36 mwa: Timoun nan kapab mete objè nan plas yo, li kapab gwoupe objè dapre yon karakteristik tankou koulè, li kapab konstwi pon ak blòk an bwa, li kapab mache foto osinon desen ki idantik,

Aprè ou fin demontre tout aktivite yo, poze kesyon sa a.

➤ **Mande: Kisa w te wè mwen fè?**

Pote atansyon si patisipan yo di mo sa yo epi ajoute mo yo pa di yo jwe jwèt (kache figi) koukou-ba a, imite yon moun, lonje dwèt sou kichòy, chèche epi jwenn kichòy, rasanble bagay ki sanble, konstwi, anpile, mete ti objè nan objè ki pi gwo, etatriye.

➤ **Mande: Kilè ou te wè youn nan timoun ki sou kont ou fè kalite aktivite sa yo, men petèt ak diferan objè?**

Koute epitou afime repons patisipan yo bay.

Di: Sa yo se kèk nan fason timoun yo ap devlope sikui panse nan sèvo yo Yo repete aksyon sa yo plizyè fwa, paske se konsa pou sikui yo vin pi fò.

Mande gwoup yo idantifye kijan pou ankouraje ladrès pou panse nan aktivite nòmral lakay.

Di: Kounye a nou sot gade kijan yon timoun devlope ladrès pou panse, nou kapab ede li pandan aktivite nòmral ou fè toulejou lakay.

Divize patisipan yo an gwoup.

Di: Panse sou tou aksyon nou te wè mwen fè anvan yo epi chwazi 2 ladan yo. Kounye a imajine ou ap prepare manje pou pitit ou. Poze manm gwoup ou a kesyon sa a.

➤ **Mande: Kòman ou kapab ankouraje pitit ou fè aksyon sa yo pandan ou ap prepare manje a?**

Sikile pami gwoup yo pou ede patisipan yo, si nesesè, pou yo sonje 2 nan aksyon ou te fè anvan yo, epi ede yo esprime kijan yo kapab ankouraje yon timoun fè aksyon sa yo pandan yo ap prepare manje. Lè gwoup yo pare, rele yo pou yo rasanble.

Di: Tanpri pataje ak nou tout 2 aksyon chak gwoup te chwazi.

** Nòt pou animatè a: Al gade exzanp ki nan kare a. Se pa sa sèlman ou kapab fè, gen plis posiblite toujou.*

Kèk kasyon patisipan ta kapab fè:

- *Dekri gwosè, gou ak teksti manje a. Kite li touché manje a ak men li..*
- *Ba timoun nan kèk bòl osinon lòt bagay ki pa gen danje pou li anpile yo.*
- *Ankouraje pitit ou imite sa ou ap fè. Mande li ki sa li ap kuit..*
- *Kite tmoun ou touche manje yo anvan ou kuit yo. Fè li wè diferans lè li touche diri, pwa osinon lantiy.*
- *Montre li engredyan ou ap kuit yo epi montre non yo. Apre sa, pita, montre li non yo..*
- *Ankouraje timoun nan ranmase objè, pou lonje yo ba ou, fè li rasanble diferan engredyan.*

Di: Nou rive nan fen sesyon an.

- **Mande: Ki sa ou pral fè diferan lakay ou, kounye a apre ou fin konprann kijan timoun devlope sikui aprantisaj pou panse?**

Koute epi konfime sijesyon patisipan yo bay, epi swete yo bòn chans.

Di: Ann refè kesyon VRE / FO yo. Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

VRE osinon FO Timoun ak gran moun fè esperyans lavi a menm jan.

VRE osinon FO Bebe yo devlope ladrès panse ak men yo epi ak bouch yo.

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou te jwenn 1) nan kòmansman sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

Di: Mèsi pou patisipasyon ou. Timoun ki sou kont nou yo pral pwofite diferan fason nou pral ede yo devlope ladrès pou panse.

Asire nou ekri kantite patisipan yo nan kote ki fèt pou sa nan fèy ankèt la

Sesyon 7: Masaj pou bebe

Objektif: Lè nou rive nan fen sesyon an, patisipan yo ap:

- Esplike kijan yo ap itilize konesans yo ak ladrès depi nan sesyon #1 pou rive nan sesyon #6 ak timoun ki sou responsablite yo.
- Dekri ki sa yo santi lè moun touche yo.
- Raple kisa yo te aprann sou afeksyon ak atansyon nan sesyon yo.
- Obsève demonstrasyon diferan etap pou bay bebe masaj, pratike kijan pou bay yon bebe masaj
- Rekonèt moman pandan yon jounen nòmal pou bay yon ti masaj.
- Di kilè yo pral bebe lakay yo yon masaj.

Materyèl:

- Ankèt VRE / FO ki te sèvi nan sesyon anvan an.
- Yon poupe, yon sèvyèt ak enpe luil.

Entwodui enpòtans pou bay bebe masaj

Di: Bon vini nan 7èm sesyon an. Anvan nou kòmanse ak sijè jodi a, ann pran kèk minit pou nou pataje esperyans nou fè pandan antrenman sa a.

➤ **Mande: Ki aktivite ou ap fè ak timoun ki sou kont ou pou ede yo devlope sèvo yo?**

Pote atansyon sou sa yo di sou sijè a epitou ankouraje efò yo.

Di: Sijè jodi a se masaj. Nan kòmansman chak sesyon, mwen poze kesyon VRE / FO sou sijè sesyon an. Men kesyon yo pou jodi a: Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

VRE osinon FO Bay yon bebe masaj, se yon fason pou ba li afeksyon, atansyon ak swen.

VRE osinon FO Si ou pale ak yon bebe pandan ou ap ba li masaj, ou ap devlope ladrès langaj ak ladrè fizik.

Konte kantite men ki leve yo pou chak kesyon epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou pral jwenn 1) nan fen sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

➤ **Mande: Ki santiman ou genyen lè yon moun ou renmen epi ou fè konfyans kenbe men ou osinon mete men li sou men ou?**

Rezime epi afime sijesyon patisipan yo bay yo.

Di: Bebe yo gen menm santiman sa yo tou lè ou kenbe yo, anbrase yo osinon ou dodine yo. Lè ou touche bebe ou sa ba li santiman sekirite, sa ba li santiman ou renmen li epitou sa ba li santiman ou ap pran swen li

- **Mande: Kisa ou sonje nan sesyon anvan yo sou enpòtans santiman afeksyon, santiman renmen ak santiman atansyon?**

Rezime epi afime sijesyon patisipan yo bay yo.

Di: Nan sesyon sa a, nou pral aprann modèl pou touche ki rele masaj epitou, nou pral apran benefis masaj kapab pote pou bebe ou.

- **Mande: Èske gen nan nou ki konn pran masaj?**
- **Mande: Ki moun nan nou ki pa janm pran masaj?**

Tann patisipan yo leve men yo pou chak kesyon.

Di: Vire nan direksyon moun ki bò kote ou epi ba li yon masaj rapid nan zèpòl, konsa pou moun ki pa t jam jenn masaj konnen sa masaj ye epitou pou moun ki konn masaj kapab sonje kijan sa fèt.

** Nòt pou animatè a: Ou kapab ranplase masaj zèpòl la ak yon masaj sou bra, men, asire ou pa mete moun enkonfòtab kiltirèlman,*

- **Mande: Kijan nou santi esperyans masaj la?**

Tande kèk repons.

[Demontre ki jan pou bay yon bebe masaj.](#)

- **Mande: Nonmen 4 sikui aprantisaj ki devlope sèvo bebe yo.**

Koute repons patisipan yo epi konplete sa ki manke.

Di: Masaj gen efè pozitif sou tout sikui aprantisaj sa yo. Li devlope afeksyon ak santiman renmen ant oumenm ak bebe a. Masaj kapab pwoteje sante bebe a, epitou masaj kapab ba li resous pou lite kont maladi. Masaj kapab ede pou li dòmi byen, masaj kapab ede li pou pou byen tou.

Gen twa bagay pou ou prepare anvan ou kòmanse bay masaj.

1. Premyèman, kreye yon espas kote bebe a san danje epitou an sekirite. Mete sèvyèt osinon dra sou janm ou pou bebe a jwenn yon kote ki dou pou li kouche. Asire tanperati konfòtab, eseye evite distraksyon ak gwo bri. Chwazi yon luil ki fèt pou bay masaj. Luil kuizin bon pou sa, donk ou kapab chwazi menm luil ki kapab kuit manje.

- **Mande: Èske nou kapab montre m pozisyon ou ta kapab mete bebe a pou ba li masaj?**

Konfime nenpòt nan repons sa yo: ajenou, chita ak janm nan pozisyon V, chita ak pla pye kole ak bebe a nan mitan, chita kwaze pye...

2. Dezyèmman, prepare ou pou bay masaj. Lave men, ou asire ou zong ou pa long epitou ou pa gen bijou ki ta kapab grafouyen bebe a.
3. Twazyèmman, chwazi yon bon lè pou bay masaj. Meyè moman an, se lè bebe a kalme epitou reveye, pi souvan, se anvan osinon apre li fin dòmi osinon apre li fin benyen. Asire ou tann apeprè inèdtan apre manje. Lè ou ap ba li masaj, asire ou pote atasyon sou siyal li ba ou- plis ou kapab konpran siyal yo se plis esperyans lan ap bon pou li epi pou ou tou.


Sèvi ak yon pope pou montre kijan pou bay bebe masaj. Envite patisipan yo obsève kijan ou fè epi fè yo kopye mouvman ou yo ak yon pope osinon ak patisipan ki dakò pou jwe wòl yon bebe (san sèvi ak luil)

Di: Pou ou kòmanse, vide enpe luil nan men ou epi fwote men yo pou fè luil la tyèd. Gade bebe a nan zye, souri epi mande li pèmisyon: Èske ou ta renmen yon masaj?


MASAJ JANM:

1. Mete yon men pou sipòte chevi pye li pandanke lòt men an antoure janm li nan nivo hanch li. Jantiman, mase soti nan hanch desann nan chevi, chanje men epi repete menm mouvman an sou andedan janm nan.


Pandan ou ap bay masaj la, mete presyon ki pa twò fò sou po bebe a.



2. Kenbe janm li ak 2 men ou kòt-a-kòt , tòde dousman epi deplase men ou monte epi desann. **Asire ou tòde jenou yo tou... bousman.**




3. Kenbe janm yo epi pliye jenou yo nan direksyon vant li. Evite mete men ou nan espas sansib ki dèyè jenou yo.



MASAJ PWATRIN

1. Poze pla men ou chak kote zo kòf lestomak li (estènòm) ak dwèt pwete nan direksyon tèt li. Gade li nan zye. Sonje se yon moman espesyal pou ou ak bebe ou.



2. Deplase men ou nan direksyon zèpòl yo. Mouvman sa a sanble ak kòm si ou ap prese paj yon liv.



3. Mete men ou pi wo hanch bebe a. Deplase men ou dyagonalman sou pwatrin li pou rive sou zèpòl li. Lè premye men an rive sou zèpòl li, dezyèm men an pral kòmanse deplase ak menm mouvman an sou lòt bò a. Kontine fè mounvan altène sa yo jantiman.




MASAJ BRA

1. Kenbe bra a ak 2 men ou kòt-a-kòt, tòde dousman epi deplase men ou monte epi desann. sot nan zèpòl pou rive nan pwayè.



2. Mete yon men pou sipòte pwayè li pandanke lòt men an antoure bra li nan nivo pwayè li. Kòmanse mase depi nan pwayè pou rive nan zèpòl, chanje men altènativman.



- **Mande: Ki sa nou pi renmen jiska prezan?**

Rezime repons patisipan yo

Di: Masaj kapab bon, men, gendelè bebe a kapab pa vle pran masaj. Pote atansyon sou siyal bebe a ap bay.

- **Mande: Ki siyal bebe a ta kapab bay pou di “non mèsì” lè ou pa eseye ba li yon masaj?**

Konfime repons patisipan yo

[Bay plizyè ekzanp masaj pandan aktivite nòmal toulèjou.](#)

Di: Lo pa nesesè pou nou bay yon masaj konplè chak fwa. You kapab fè yon ti masaj pandan lajounen an pou konekete ak bebe a osinon pou kalme li lè li gen chagren.

Itilize patisipan yo pou demontre kèk ekzanp ki nan lis la. Chwazi ekzanp ki apwopriye pou gwoup la. Fè plizyè ekzanp, toudepan kantite tan nou genyen.

EGZANP 1:

Di: X (nonmen non patisipan an) ap pote yon bebe sou do li. Ki masaj li ta kapab bay bebe a pandan bebe a sou do li?

Koute sijesyon patisipan yo epi ajoute ide sa yo pou masaj nan pye.


1. Fwote dwèt ou dousman nan pla pye li, depi sou talon pou rive sou zòtèy.
2. Woule chak zòtèy ak dwèt ou epi rale yo dousman, lè ou fin woule yo.

Desine ti sèk ak dwèt ou sou do pye li ak sou je pye li yo

4. Feet: Sole Glide



5. Feet: Squeeze & Pull



6. Feet: Thumb Circles



EGZANP 2:

Di: X (nonmen non patisipan an) ap pote yon bebe sou janm li. Kijan li kapab bay bebe a yon masaj senp si li nan pozisyon sa a?

Koute sijesyon patisipan yo epi ajoute ide sa yo pou masaj nan men.

1. Pase men ou depi nan baz pla men an pou rive nan pwent dwèt yo. Pa rale osinon pa tòde pwayè bebe a.
2. Woule chak dwèt li yo ak dwèt pa ou epi rale yo dousman, lè ou fin woule yo.

Sipòte men bebe a avèk men pa ou epi glise pous ou soti depi nan pwayè a pou rive nan pwent dwèt li.

3. .

18. Hands: Palm Glide



19. Hands: Squeeze & Pull



20. Hands: Top of Hand Stroke



EGZANP 3:

Di: Si bebe a konstipe osinon gen vant fè mal, si li gen gaz... yon ti masaj sou vant li kapab ede.

Sepandan, evite lonbrit timoun ki fèk fèt sitou si kòd lonbrit la tache toujou osinon si kòd lonbrit la poko fin geri. Anplis, pinga mete presyon nan baz ti zo ki anba kè li.

Fè demonstarsyon ak yon pope osinon ak yon patisipan ki jwe wòl bebe. Ankouraje patisipan yo suiv sa ou ap fè yo sou yon lòt patisipan si yo konfòtab ak esperyans lan.

1. Poze 2 men yo dousman sou vant lan epi gade nan zye.
2. Sèvi ak pati eksteryè men yo, kòmanse mouvman an ak yon men, depi nan baz kòt yo, avanse sou devan pou fini anba vant lan. Re-kòmanse sou lòt bò a ak lòt men an, suiv menm mouvman an.
3. Bay vant lan masaj an won, fè mouvman sèk toutotou lonbrit la pou kouvri tout vant lan.
4. .



Fè patisipan pwomèt yo pral pratike masaj, lè yo rive lakay yo.

➤ **Mande: Ki lè nou ta kapab eseye bay bebe nou masaj? Ki masaj nou pral fè?**

Konfime ide patisipan yo Remèsye tout moun pou patisipasyon yo.

Di: Nou ap verifye avèk nou semèn pwochèn pou nou kapab rakonte esperyans nou nan bay bebe yo masaj.

Ann refè kesyon Vre / pa vre yo. Panse sou sa nou te aprann jodi a epi tandè yo ankò. Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

VRE osinon FO Bay yon bebe masaj, se yon fason pou ba li afeksyon, atansyon ak swen.

VRE osinon FO Si ou pale ak yon bebe pandan ou ap ba li masaj, ou ap devlope ladrès langaj ak ladrè fizik.

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki la pou sa nan fèy ankèt la pou nou konpare valè yo ak lòt valè nou te jwenn 1) nan kòmansman sesyon an ak 2) ak valè nou pral jwenn nan fen tout 8 sesyon yo.

Ditribiye yon kopi sekans masaj la bay chak patisipan pou pote lakay yo.

Di: Ann klotire sesyon sa a ak chante “Kat sikui aprantisaj la”.

Chante chante a, fèj jès ki ale ak mo yo, remèsi patisipan yo epi di yo orevwa.

Asire nou ekri kantite patisipan yo nan kote ki fèt pou sa nan fèy ankèt la.

Si patisipan yo gen kesyon, revize kesyon moun poze pi souvan ak tout repons ki ale ak kesyon sa yo nan lis ki anba la a.

Kesyon moun yo poze pi souvan ak repons yo:

➤ **Ki kalite luil mwen ta kapab itilize pou bay masaj?**

Sèvi ak nenpòt luil ki ta kapab sèvi pou kuit manje, si li bon pou manje, li bon tou pou mete li sou kò yon bebe. Tankou luil zanmann, luil grenn rezen, luil wowoli, luil kokoye, luil koton osinon luil doliv. Pa sèvi ak luil mineral, pa sèvi ak luil ki gen pafen, pa sèvi ak luil esansyèl.


➤ **Kilè li pa gen danje pou bay masaj?**

Si bebe a malad, si li gen lafyèv, si li gen maladi po, si li grafouyen, si li blese, mande doktè li anvan ou ba li masaj.


Masaj itil lè bebe a konstipe. Men, si bebe a gen dyare, pa bay vant li masaj.

Si bebe a gen pyas, enfeksyon nan po ak nan zòtèy li PA pridan pou ou ba li masaj. Pyas se enfeksyon chanpiyon li gen fòm won ki fè ti boul an sèk sou po a. Mennen bebe a kay doktè. Li kontajye, li pwopaje soti sou po yon moun ale sou po yon lòt moun, lè youn nan yo enfekte.


1. Legs: Outward Stroke




2. Legs: Squeeze & Twist




3. Legs: Inward Stroke




4. Feet: Sole Glide



5. Feet: Squeeze & Pull



6. Feet: Thumb Circles



7. Transition Touch: Bottom




8. Tummy: Rest




9. Tummy: Sweep




10. Tummy: Tummy Time



11. Stretch: Legs to Tummy




12. Chest: Rest




13. Chest: Spread



14. Chest: Cross



15. Arms: Outward Stroke



16. Arms: Squeeze & Twist




17. Arms: Inward Stroke




18. Hands: Palm Glide




19. Hands: Squeeze & Pull



20. Hands: Top of Hand Stroke



21. Stretch: Arms



Sesyon 8: Enfòmasyon debaz sou liyèn, sekirite ak nitrisyon

Objektif: Lè nou rive nan fen sesyon an, patisipan yo ap:

- Klarifye meyè lide pou iminizasyon, pou bay tete, pou bay manje, pou ijyèn, pou pwòpte ak pou sekirite
- Deside kijan pou adopte meyè lide sa yo lakay.

Materyèl:

- Foto bebe ki an sante ak foto bebe ki mal nourri, ki te sèvi pandan sesyon # 4 la.
- Ankèt VRE / FO ki te sèvi nan sesyon anvan an.
- Kat vaksinasyon lokal.
- Rasanble enfòmasyon sou klinik sante ki gen zòn nan epitou rasanble tout enfòmasyon klinik la distribye sou iminizasyon, sou vaksen, sou bay tete, sou pwòpte ak sou sekirite.
- Foto sou bay tete
- Foto sou lave menFoto sou transmisyon dyare

Fè entwodiksyon pou sesyon an

Di: Bon vini nan dènye sesyon an. Jodi a, nou pral diskite sou ki sa nou kapab fè lakay pa nou pou ede timoun nou yo konsève lasante.

Montre foto bebe ki an sante ak foto bebe ki mal nourri



Healthy Baby

Bebe an sante



Malnourished Baby

Bebe mal nourì

Di: Èske nou sonje fote 2 bebe nou te wè pandan sesyon anvan yo- youn ki te gen sante ak lòt la ki pa te an sante? Diferans ki te gen ant yo sèke bebe ki pa t an sante a pat resevwa afeksyon ak atansyon, men li te manje nòmalman.

Pou bebe yo kapab an sante, gen plizyè bagay yo bezwen. Yo bezwen afeksyon, atansyon ak swen, men tou, yo bezwen bon manje, yo bezwen vaksen epitou yo bezwen rete yon kote ki pwòp.

- **Mande: Ki sa ou deja ap fè nòmalman pou timoun yo konsève lasante?**
- **Mande: Ki jan ou pran swen tèt ou ak swen timoun yo lè yo malad?**

Rezime epi konfime meyè lide yo, ensiste plis sou lide ki gen relasyon ak sijè jodi a.

Di: Kouvri zye ou ak yon men epi leve lòt men si ou panse fraz mwen pral di a vre.

VRE osinon FO Lave men, netwaye planche, lave kouchèt, lave bibwon ak lave dra gen enpak sou timoun ak sou moun ki ap okipe yo.

Konte kantite men ki leve yo epi ekri yo nan espas ki fèt pou sa nan fèy ankèt la pou ou kapab konpare yo ak repons yo pral bay nan fen sesyon an.

Di: Jodi a nou pral gade avèk atansyon 4 abitid ki bon pou sante ke doktè toupatou sou latè rekòmande pou prevni maladi kouran ki ta kapab retade devlopman timoun osinon ki ta kapab menm pote lanmò timoun.

Diskite 4 abitud pou konsève lasante yo

IMINIZASYON AK VAKSEN

Di: Premye abitud ki bon pou sante se vaksen (iminizasyon)

Montre yon kat vaksen lokal epi kòmanse yon diskisyon ak kesyon ouvè tankou “Kilè?” “Ki moun?”, “ki kote”, “pou ki sa?” Gade kesyon sa yo kòm ekzanp.

- **Mande: Ki moun ki gen enfòmasyon sou vaksen osinon ki moun ki te fè vaksinen timoun li?**
- **Mande: Pou ki sa nou fè vaksinen bebe yo ak timoun yo nan kominote nou?**

Aprè patisipan yo fin reponn, pran tan pou revize kat la montre yo kalandriye vaksinasyon an epi esplike ki jan pou yo sèvi ak kalandriye a pou suiv vaksinasyon timoun yo Pandan diskisyon an konfime pwèn sa yo epi ajoute pwèn patisipan yo pa te mansyone yo.

- Vaksen pwoteje timoun kont maladi ki danjere.
- Ou kapab mennen timoun yo pran vaksen menm si yo malad, men ou ta dwe enfòmè doktè li.

Konfime patisipasyon moun yo.

- **Mande: Ki kote ou kapab jwenn enfòmasyon sou vaksen si ou bezwen konnen plis osinon si ou gen kesyon?**

Bay moun yo enfòmasyon ou te rasanble davans sou klinik sante ki pi pre a epitou sou enfòmasyon klinik la distribye sou iminizasyon.

BAY TETE AK NITRISYON

Di: Dezyèm abitud ki bon pou sante se bay tete ak manje kòrèk.

Panse sou pwovèb sa a: *Se met kò ki veye kò.* (Se mèt afè ki veye afè li) Men pou bebe ou, se pou ou pwoteje ni tèt pa ou, ni bebe a.

Montre foto bay tete a epi kòmanse yon diskisyon ouvè. Gade kesyon sa yo kòm ekzanp.

Kesyon pou manman yo:

- **Mande: Ki moun ki fè esperyans bay timoun tete?**
- **Mande: Apre konbyen jou depi bebe a fin fèt pou ou kòmanse ba li tete? Pou ki sa?**
- **Mande: Pandan konbyen tan yon bebe kapab resevwa lèt manman sèlman? Apatide kilè nou kòmanse ajoute lòt manje nan dyèt yon bebe epi ki sa pou nou ajoute?**

- **Mande: Pou ki sa nitrisyon enpòtan pou fi ki ansent ak pou manman ki ap bay tete?**
- **Mande: Ki kote ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou vaksen si ou bezwen konnen pi plis sou sa osinon pou jwenn repons, si ou gen kesyon?**

Distribiye enfòmasyon klinik ki pi pre a ofri sou bay tete.

** Nòt pou animatè a: Si ou ap travay nan yon òfelina osinon nan yon krèch kote pa gen bay tete, poze kesyon sa yo alapas:*

Kesyon pou manman ak moun ki ap pran swen ti bebe ki manje nan bibwon sèlman:

- **Mande: Kijan nou bay ti bebe manje anvan yo kapab manje manje nòmal?**
- **Mande: Lè ou ba li bibwon, ki kèk bagay ou kapab fè ak lòt bagay ou pa kapab fè pou asire meyè sante pou bebe a?**
- **Mande: Ki laj pou bebe a genyen anvan li kapab manje manje nòmal?**
- **Mande: Ki kalite manje ki bon pou ti bebe pou pwoteje sante yo?**



Source: World Health Organization

Pou manman ki bay tete	Pou moun ki pran swen ti bebe nan krèch ak nan òfelina
<ul style="list-style-type: none"> • Yon fi ki ansent ta dwe konsome plis manje ni nan kantite, ni nan kalite. • Kolostwòm, premye lèt jòn epi lakòl, ki soti nan tete manman an trè bon pou nitrisyon ti bebe. • Yon manman ta dwe bay tete kèlkeswa lè bebe a grangou. Se ta dwe sèl manje pou yo bay ti bebe jistan li rive gen 6 mwa, san mete lèt sipleman. • Lèt manman tèlman bon pou sante timoun ke, menmsi yon manman kòmanse bay bebe a manje lè li gen 6 mwa li ta dwe kontinye ba li tete jiska laj 2 zan, paske sa ap ede li reziste kont maladi. • Li enpòtan tou pou yon manman ki ap bay tete manje manje ki rich ak pwoteyin ak lèt manje ki bon pou lasante. Diferan kalite manje ki nan lis ki anba la a bon pou manman tou. • Pwovèb: <i>Pitit ki pa kriye pa bezwen tete.</i> (Si timoun nan pa kriye, li pa bezwen tete) Sa pa vre, tout bebe gen avantaj nan lèt manman. 	<ul style="list-style-type: none"> • Nitrisyon pou bebe nan krèch ak nan òfelina trè enpòtan. • Nou kapab bay bebe manje nan bibwon, men nou dwe bouyi ni bibwon an ni tetin nan pou netwaye yo. • Nou pa dwe mete bibwon an sou zorye akote bebe a pou li kapab manje pou kont li, li kapab toufe, li kapab menm mouri si lèt la pase nan nen li. • Lè nou ap sèvi ak lèt an poud, asire nou dlo ki delye lèt la pwòp- se pou li ta menm bouyi.
<ul style="list-style-type: none"> • Sik pa bon pou sante bebe yo, nou pa ta dwe ajoute sik nan lèt yo osinon nan dlo yo. • A 6 mwa, yon bebe kapab manje manje ki mou tankou labouyi, fwi ak legim ki kraze. • Pwoteyin ak diferan kalite fòtifyan ki nan manje enpòtan anpil pou devlopman sèvo bebe yo. Kèk ekzanp manje ki bon pou sante se pwa, ze, lantiy, nwa moulen, pitimi, mayi moulen, pwason, vyann, fèy vèt epi tout fwi ak legim. • Timoun ki byen nourri gen plis sante, yo pi entelijan, yo pi kontan epitou yo pi kalme. 	

Konfime patisipasyon ak ide moun bay nan diskisyon an.


IJYEN:

Di: Twazyèm abitud ki bon pou sante se lave men ak ijyèn pèsònèl. Men yon tablo ki ka sèvi kòm referans sou ki lè pou lave men epitou ki jan pou lave men.


Montre foto sou lave men an.

Kilè pou ou lave men ou

1. Lè ou soti nan twalèt
2. Anvan ou manyen manje
3. Anvan ou bay timoun manje osinon anvan ou manje.
4. Apre ou touche pipi osinon pou pou



1. Mouye men yo



2. Sèvi ak savon



3. Fwote men yo



4. Rense byen



6. Seche men

Kòmanse yon diskisyon ouvè. Gade kesyon sa yo kòm ekzanp.

- **Mande: Kilè ou lave men ou nòmalman? Pou ki sa?**
- **Mande: Kijan lave men ak pwòpte afekte sante bebe a?**
- **Mande: Ki diferan lòt bagay ou bezwen lave regilyèman pou ou kapab pwòp, pou bebe a pwòp epitou pou kay la pwòp.**

Pandan diskisyon an konfime pwèn sa yo epi ajoute pwèn patisipan yo pa te mansyone yo.

- Sonje pwovèb la: *Si ou vle gen rezon devan kras, se benyen pou ou benyen.* (Si ou vle pote vikwa to salte, se pou ou byen benyen) Pwovèb sa a bay bon konsèy!
- Lave men ede prevni maladi espesyalman maladi dyare.
- Bwose dan ede ni moun ki ap pran swen an, ni timoun yo tou. Sonje pwovèb la: *Dan pouri gen fòs sou bannann mi.* (Dan ki pa gen fòs kapab mòde sèman bannann ki mi)
- Toujou sèvi ak savon lè nou ap lave kiyè, asyèt, rad ak men nou... pou evite maladi.
- Pa kite rad sal osinon rad ki mouye sou bebe yo, tankou kouchet osinon leyèt osinon kabann Lave rad separe ak leyèt pou evite kontaminasyon.
- Li enpòtan pou manman yo ak moun ki ap pran swen timoun yo benyen regilyèman epitou mete rad pwòp sou yo.


Konfime patisipasyon ak ide moun bay nan diskisyon an.

PWOPTE AK SEKIRITE

Di: Katriyèm abitud ki bon pou sante se pwòpte ak sekirite.

Montre foto transmisyon dyare a epi kòmanse yon diskisyon ouvè. Gade kesyon sa yo kòm ekzanp.

- **Mande: Site kèk aksyon nòmal ou fè lakay ou chak jou pou pwoteje sante pitit ou epitou pou prevni maladi?**
- **Mande: Ki sa nou fè pou anpeche maladi pwopaje nan kominote nou?**
- **Mande: Ki sa ou kapab fè chak jou pou sekirite pitit ou nan kay ou?**



Pandan diskisyon an konfime pwèn sa yo epi ajoute pwèn patisipan yo pa te mansyone yo.

- Lave tout bagay ki ale nan bouch timoun tankou asyèt, kiyè, manje ak jwèt.
- Kouvri manje yo pou anpeche mouch poze sou yo... mouch kapab pwopaje maladi.
- Bouyi dlo pou tiye jèm yo. Konsève dlo nan veso ki pwòp epi ki kouvri.
- Pa kenbe bèt anndan kay.
- Toujou netwaye kay ou ni anndan, ni deyò.
- Pa kite timoun yo pre bagay ki danjere tankou dife, medikaman, bagay ki file pou evite aksidan.
- Sèvi ak moustikè pou ede prevni malarya.
- Veye tout bagay ki kapab fè timoun toufe tankou sache plastik. Kraze manje li osinon ba li ti moso manje ki piti epitou pa kite bagay li pa kapab manje tankou lajan monnen, bouton... ke timoun yo kapab mete nan bouch yo epi ki kapab toufe yo.
- Veye timoun ki ap dòmi epi pran prekosyon pou dra pa kouvri figi li.
- Pran prekosyon ak sifas ki glise, likid ki cho, fil elektrik ak plòg elektrik.
- Pa bliye tou sekirite lakay vle di pwoteje kont vyolans tou. Timoun yo pral imite aksyon yo wè ak aksyon yo tandè. Si gen pale fò, rele, goumen, kale, frappe lakay ou, sa fè timoun pè, anplis gen plis posiblite pou pitit ou pale fò, goumen epi frappe tou. Pa bliye si gen twòp tansyon anndan kay la sa afekte devlopman sèvo. Panse sou pwovèb sa a: *Bay kou bliye, pote mak sonje.* (Moun ki fè sa ki mal la bliye, moun ki sibi mal la sonje sa ki te pase a)

Konfime patisipasyon ak ide moun bay nan diskisyon an.

- **Mande: Ki kote ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwòpte ak sou sekirite nan kay si ou vle aprann plis sou sa, osinon pou jwenn repons sou kesyon ou genyen?**

Distribiye enfòmasyon klinik ki pi pre a ofri sou pwòpte ak sekirite.

[Konplete fòm evaliyasyon, felisite moun yo api di orevwa](#)

Di: Gen anpil bagay ki pou fèt pou pwoteje sante ak sekirite timoun yo. Nou te diskite plizyè bagay jodi a. Panse sou kay ou ak sou fanmi ou.

- **Mande: Ki abitud ou ta renmen kòmanse imedyatman?**

Konfime ide patisipan yo

Di: Kòm sa a se dènye sesyon nou, ann repase fraz VRE / FO ki te nan tout sesyon yo pou nou wè si opinyon yo chanje osinon si yo rete menm jan an.

Konplete kolòn ki rele “Aprè sesyon #8” ki nan fèy ankèt VRE / FO a... epi re-pase tout kesyon VRE / FO nou te pase nan tout sesyon yo.

Di: Souvan, pandan jounen an, timoun yo voye siyal pou endike yo pa kontan. Gen moun nan fanmi nou osinon nan vwazinaj nou ki ta kritike nou, menm lè nou fè tout efò ak timoun nou yo.

Poutèt sa nou ap fini dènnye sesyon an ak rapèl ke nou kapab fè bèl travay pou timoun ki sou kont nou yo. Chak moun, tanpri, di nou yon bagay nou pral fè pou bebe ak timoun ki sou kont nou pou devlope sèvo yo, kò yo ak kè yo.

Envite chak moun pou fè youn lòt konpliman. Anvan nou fèmen sesyon an di moun yo ou te apresye traay ak gwoup la.

Di: Ann chante chante “4 sikui aprantisaj” la yon dènnye fwa.

Konfime efò yo epi remèsi yo pou patisipasyon yo. Asire nou ekri kantite patisipan yo nan kote ki fèt pou sa nan fèy ankèt la.

Gid pou itilize fòm obsèvasyon pou kontwole kalite travay la

Objektif fòm ki vin apre a se pou obsève kijan monitè a te delivre sesyon an epitou pou ba li fidbak. Fidbak la ta dwe konfime sa monitè a fè byen epi atire atasyon li sou sa ki bezwen amelyorasyon. Fidbak la ap sèvi pou ede monitè a delivre sesyon ki ap ede patisipan yo gen nouvo konesans, pratike nouvo ladrès epitou aplike sa yo aprann nan pou amelyore lavi yo.

Premye kolòn nan gen ladrès yo. Ladrès yo ògànize an 5 domèn:

- Preparasyon ak jesyon
- Kontni teknik pratik
- Ladrès pou fè prezantasyon
- Ladrès pou fasilite moun yo
- Evalyasyon

Chak domèn bay lis aksyon ki endike si monitè a konsève estanda kalite ki nan fòm obsèvasyon an. Yo chwazi aksyon sa yo paske yo obsèwab, sa vle di, noun kapab wè yo osinon tande yo.

Dezyèm kolòn nan se pou evaliyasyon. Ou pral deside si pèfòmans monitè nan chak ladrès satisfèzan osinon bezwen amelyorasyon epitou ekri ekzanp sa ki te satisfèzan osinon ki pa te satisfèzan.

Konsantre sou domèn kote monitè a te fè byen osinon pa te fè byen.

Chwazi youn osinon 2 domèn ki merite amelyorasyon. Li enpòtan tou pou ou pa kraze monitè a. Bay kèk ekzanp, men sonje fidbak yo ap sèvi pou amelyore jan monitè a fè sesyon yo (si li bezwen amelyorasyon) EPI pou ba li konfyans nan tèt li

Fòm obsèvasyon sou jan sesyon yo te fèt	
Ladrès	Satisfèzan / Bezwen amelyorasyon (Bay ekzanp)
Preparasyon ak jesyon aktivite yo	
Tout materyèl yo te òganize depi anvan sesyon an epi yo te disponib fasilman pandan aktivite yo	
Espas la te annòd anvan kòmansman sesyon an	
Yo te ranje chèz yo nan fòm sèk.	
Li te fè tout etap nan chak aktivite. Li pa t ranplase yon aktivite ak pawòl sèlman	
Kontni teknik pratik	
Li te prezante enfòmasyon tektik yo ak presizyon	
Ladrès pou fè prezantasyon	
Li te pale klè, ni twò vit, ni twò lantman	
Li te asire ke tout patisipan yo te kapab wè tout sa li ap montre	

Ladrès fasilitasyon pou fè moun konprann	
Li poze kesyon ouvè ki sanble ak kesyon ki nan sesyon yo.	
Li te itilize ladrès pou moun konprann ki nan gid la. Li te konfime sa ki te pou konfime epitou li te fè rezime pou fasilite moun konprann	
Li te konfime sijesyon patisipan yo ak efò yo	
Li te bay patisipan yo tan pou yo panse sou kesyon yo ak repons yo	
Evalyasyon	
Li te poze kesyon VRE / FO, Li te anrejistre vòt yo nan fòm ki la pou sa	

Konklizyon

Nou kontan ou te patispe avèk nou nan experyans sa a. Angajman nou pran pou devlopman ti bebe ak timoun admirab epi ap pote benefis pou patisipan yon pandan plizyè àne. Atachman ki devlope ant moun ki ap bay swen ak yon timoun se yon atachman ki inik pou yo 2 a. Ou ap ede devlope atachman sa pou plizyè santèn timoun ak fanmi. Sa se pa yon ti afè epi pèsonn pa ka fè li pou kont li.

Gen yon mouvman toupatou nan lemond pou bay timoun sipò. Gen yon efò tou pou ankouraje paran ak sosyete tandè siyal timoun yo bay. Nou konnen timoun aprann epi devlope, yo TANDE yo Wè anvan yo kapab pale. Bank Mondyal deklare ke ede timoun piti devlope kòmilfo se meyè pwoteksyon kont povrete. Menm nan sitiyasyon difisil, yon timoun ki jwenn swen, afeksyon ak atansyon kapab kòmanse simonte difil kite sa yo

Sipò ak enfòmasyon ou bay monitè, paran, moun ki ap pran swen timoun yo kapab kreye chanjman pozitif ki ap dire lontan. Travay ou ap fè a ap gen efè pozitif sou sante, sou entelijans ak siksè timoun yo.

Ou se yon lidè nan mouvman sa a, ou se yon sous fyète ak yon sous enspirasyon. Gras ak travay ou ak paran yo, ak moun ki ap pran swen timoun lavi timoun kapab chanje. Gras ak travay ou plizyè santèn timoun ap jwenn sipò ak afeksyon yo bezwen, epitou paran yo ap aprann kijan pou yo devlope atachman ak timoun ak fanmi, ak kominote.

Mèsi pou patisipasyon ou nan antrenman sa a.

Resous

- Allen, K. E., & Marotz, L.R. (2007). *Developmental profiles: Pre-birth through twelve (5th ed.)*. New York: Thomson Delmar Learning.
- American Academy of Pediatrics, & Remer Altmann, T. (2006). *The wonder years: Helping your baby and young child successfully negotiate the major developmental milestones*. New York: Bantam Books.
- Beck, D., Ganges, F., Goldman, S., & Long, P. (2004). *Care of the newborn reference manual*. Washington, DC: Save The Children Federation.
- Bergen, D., Reid, R., & Torelli, L. (2001). *Educating and caring for very young children: The infant/toddler curriculum*. New York: Teacher College Press.
- Bloomfield, S. (2007, December). *Focus on home hygiene in developing countries*. Retrieved April 15, 2010, from International Scientific Forum on Home Hygiene: http://www.ifh-homehygiene.org/2003/2library/Bloomfield_BonnPaper_HH_DvlpingCntries.pdf
- Charlesworth, R. (2007). *Understanding child development (7th ed.)*. New York: Delmar Cengage Learning.
- Cunha, F., & Heckman J. (2007). *The technology of skill formation* (NBER Working Paper 12840). Cambridge, MA: National Bureau of Economic Research. Retrieved April 17, 2015, from NBER: <http://www.nber.org/papers/w12840.pdf>
- Fernald, L.C.H., Kariger, P., Engle, P. & Raikes, A. (2009). *Examining early child development in low-income countries: A toolkit for the assessment of children in the first five years of life*. Washington, DC: The World Bank. Retrieved April 17, 2015, from the World Bank: http://siteresources.worldbank.org/INTCY/Resources/395766-1187899515414/Examining_ECD_Toolkit_FULL.pdf
- Gonzales-Mena, J., & Widmeyer Eyer, D. (1989). *Infants, toddlers, and caregivers (4th ed.)*. Mountain View, CA: Mayfield Publishing Company.
- Hart, B., & Risley, T.R. (1995). *Meaningful differences in the everyday experiences of young American children*. Baltimore, MD: Brookes Publishing.
- Marie Stopes Health Clinic. (n.d.). Health clinic pamphlet. Kampala, Uganda.
- Ministry of Health. (2002, June). *Promotion of immunisation in Uganda: Booklet for leaders*.
- Ministry of Health. (2007, May). *Uganda policy guidelines on infant and young child feeding*. Retrieved April 20, 2010, from USAID's Infant & Young Child Nutrition Project: <http://www.iycn.org/files/UgandaIYCFpolicyguidelinesfinaldraftMay2007.pdf>

- Puckett, M.B., & Black, J.K. (2005). *The young child: Development from prebirth through age eight (4th ed.)*. Upper Saddle River, NJ: Pearson.
- Trawick-Smith, J. (2006). *Early childhood development: A multicultural perspective (4th ed.)*. Upper Saddle River, NJ: Pearson.
- Twombly, E. & Fink, G. (2004). *Ages & stages: Learning activities*. Baltimore, MD: Paul H. Brookes.
- UNICEF. (2005, November 15). *ECD resource pack*. Retrieved April 10, 2010, from UNICEF: Early Childhood Development:
http://www.unicef.org/earlychildhood/index_42890.html
- Werner, D. (1992). *Where there is no doctor: A village health care handbook* (pp. 114–118, 230). Berkeley, CA: Hesperian Health Guides.